REBO 25 OCTOBER 1939

PANGAOS ADVERTENTIE
Sadjadjar kolom . . . . . f 0.20
Pangsaeutikna sakali moeat f 250.
Pamajaranana kedah ti pajoeu
Redactie & Administratie
Moskeeweg 28
Tel 3352 BANDOENG.
Drukkerij „PENGHAREPAN"
Moskeeweg 26
Tel 3352 Bandoeng.

Sipatahoenan

REBO 11 POEASA 1358

PANGAOS LANGGANAN
Nasasihna f 1,50; sakwartaal f 4,50
Loearreun Indonesia . . . . . f 6.—
Losse-nummer . . . . . 10 sen
Pamajaranana kedah ti pajoeu
Dikaloearkeun koe
Pagoejoeban PASOENDAN
Typ. Pengharepan Bandoeng.

No 253 Dikaloearkeun 2 lambar — Hoofdredacteur: MOHAMAD KOERDIE — Lambaran ka I — Taoen ka XVI

Perang ngajajaj!

Di tengah sagara, Djerman teroes ngamoek bae.

Naha enja Finland moal katoeloengan?

24 Djam kadieunakeun

Di Westfront leuwih rame ti batan kamarina.

Tjeuk Reuter ti Parijs, djero tempo 24 djam kadieunakeun di Westfront teh leuwih rame ti batan kamarina.

Di wewengkon noe pangdeukeutna ka Moezel, beulah wetanna, Parasman ngajakeun panaradjang ti awang-awang anoe katjida loeloeasanana, hasil deuih eukeurna teh.

Ari pihak Djerman actief-na teh di wewengkon koeloneun Forbach, di garisan Saarbruecken, naradjang lahan anoe masih keneh digenggem koe moesoehna (Parasman).

Noe naradjang taja kendatna, teroes ngaroentoej kawas datangna ombak sagara: ngan dina eureunna noe taroeng, lahan tea masih aja ditangan Parasman.

Sanadjan tjeuk bewara-bewara noe pangdieuna kaajaan tengtrem, tapi tetep katembong pasaliana paham antara noe njieun eta bewara djeung perdjoerit di medan perang.

Majoor Attlee diwidian ngadeuheusan.

Radja George palaj ngadamel contact koe andjeun djeung oppotitieleider.

Rowe ieu, tjeuk Reuter ti Londen, majoor Attlee ditampi ngadeuheusan koe Radja Inggris.

Tjeuk noe ngabedjaan, kakara ajeuna kadjadian, sapandjang perang aja oppositieleider ditampi ngadeuheusan koe radja.

Bedjana audientie-na majoor Attlee teh henteu ngandoeng hal anoe loear biasa pentingna: Radja Inggris palaj ngadamel contact koe andjeun djeung loeloegoe oppositie.

Baroedak disina ninggalkeun Schotland.

Doemeh koengsi diandjangan bomber Djerman?

Tjeuk Reuter ti Londen, dina koempoelan Lagerhuis minister bagian Schotland ngawawarkeun, jen ajeuna ti sababaraha wewengkon di Schotland baroedak geus disina njingkah, saperti ti North-, South-Queensferry djeung Inverkeithing di distrik Firth of Forth.

Ti wewengkon noe sedjenna mah, saperti ti Curie, Balerno dj.s.t. saajeuna keur ditimbang-timbang keneh hal njingkahkeun baroedak teh.

Siiih poelangkeun bojongan.

Tjeuk katerangan ti bagian peperangan mah tjan ka tjarita kitoe-kieu.

Onder-secretaris War-Officie (kantor peperangan) Burggraaf Cobham, dina koempoelan Hoogerhuis geus ngawawarkeun, jen oeroesan silih poelangkeun bojongan teh mangsa ieu atjan djadi tjarita kitoekieu.

Kieu katerangana:

„Nepi ka ajeuna teh henteu koerang ti 110 pagawe kapal djeung djoeroe ngapoeng Djerman anoe ditahan di Inggris, sedeng djoeroe ngapoeng Engeland anoe ditahan di Duitschland mah ngan satjomot pisan."

Vaticaan protesteeren

Djeung make satengah ngantjam deuih!

A. N. P. ti Vaticaan-stad ngawawarkeun, tjenah Vaticaan ajeuna geus ngirimkeun protesna anoe keras ka Djerman, lantaran bangsa Djerman di Polen, di wewengkon2-na anoe digenggem koe Duitschland ajeuna geus ngaroeksak garedja djeung nindes kaomna.

Protest Vaticaan kaseboet teh kalawan dikoeatkeun koe rapotan-rapotanana, noe tjenah oepama Djerman ngantep kana protest tea, koe Vaticaan baris dibeberkeun rapotanana, boekti djeung bewijs-bewijs-na.

Italie diparake pangharepan?

Nagara-nagara Balkan noe hariwang koe Sovjet-Rusland.

Correspondent „Telegraaf" di Athene, tjeuk A.N.P. ti Sofia, ngawawarkeun, magar kaloenggoehan Italie dina lingkoengan nagara-nagara Balkan teh raj beurang-raj beurang beuki koeat bae.

Oemoemna pada ngahargaan Italie, dipake bangbaloeh pikeun nandjeurkeun ilat-ilat taradjoe politiek di banoea Balkan, noe njoeeut koe gerakna Sovjet-Rusland kadieunakeun; althans kitoe diarep-arepna Italie koe nagara-nagara Balkan teh.

Saha noe boga dosana?

Bantrok di wates Bulgarije djeung Roemenie.

Tjeuk Havas ti Boekarest, di deukeut desa Sarsanwar di Dobroedsja geus timboel bantrokan antara Bulgarije djeung Roemenie, tjeuk noe mere katerangan lantaran ditaradjangna patroli wates Roemenie koe Komitadjis Bulgarije.

Koengsi ragot silih bedil, toeloejna pisan pihak Bulgarije moendoer.

Aja doeaan oerang Roemenie anoe tatoe parna.

Ajeuna keur ditaloengtik saha noe boga dosana.

Noe dipake gagaman koe Inggris

Dina ngajonanana Djerman.

Pihak ministerie Financien Japan, tjeuk Reuter ti Tokio, ngawawarkeun, jen digandenkeunana doeit Yen kana Dollar Amerika-Sarikat teh samatamata boentoetna tina factor-factor economie djeung leuwih kerasna panaloengtikan Inggris kana devies-devies nagara loear, akal-tarekah anoe koe Inggris dipake tatahar njanghareupan perang lambat (lila).

Koers-na ditetepkeun tanggal 23 boelan ieu teh 7-16 Dollar per 100 Yen.

Djerman moal tarekah ngarah rapih deui.

Geus karoehan pangadjakna koe Chamberlain ditolak mah.

Tjeuk Reuter ti Berlijn, noeroetkeun katerangan D.N.B., kalangan kaoem politiek geus ngabantah bedja-bedja kadieunakeun, magar babadamian antara Hitler djeung von Ribbentrop teh bakal moetoeskeun oeroesan kaajaan internationaal ajeuna.

Diterangkeun deui jen ambassadeurs Djerman di kota Rome djeung Moskou ajeuna teh dipenta rapotanana anoe speciaal, malah geus katampa toer netelakeun henteu loejoena kadjadian-kadjadian.

Nja kitoe deui bedja-bedja noe njebar di nagara lian (loeareun Djerman), noe magar di djerman diajakeun koempoelan Oorlogsraad.

Tjeuk D. N. B., geus karoehan karepna ngadjak rapih koe Chamberlain ditolak mah, tangtoengan Duitschland teh koe sarerea oge kabandoengan, nja eta moal njoba-njoba deui ngalangkah noedjoe kana karapihan.

Antara Sovjet-Rusland djeung Finland.

Hartina aja deui voorstel Rusland noe anjar....

A.N.P. ti Helsinki njebarkeun telegram, bedja noe katampa koe correspondent „Telegraaf" di ditoe, magar tegen-voorstellen anoe diasongkeun koe pihak Finland teh, voorstel-voorstel anoe meunang dibadamikeun deui djeung nagara-nagara Scandinavie noe sedjen, koe pihak Sovjet koerang telik dioelikna.

Oepama aja deui voorstel Sovjet-Rusland noe anjar, tjeuk correspondent kaseboet neroeskeun katerangana, hartina saroea djeung crisis deui dina babadamian antara ieu doea nagara teh.

Koe kitoe koe kieu oge, oetoesan Finland ngawawarkeun, jen terhadep voorstel-voorstelna anoe diasongkeun teh henteu boga hak nangtoekeun, tapi koedoe menta deui instructies ka pamarentah nagarana.

Koemaha katjida penting djeung moenelna hal ieu dianggapna koe pihak Sovjet-Rusland, tjeuk correspondent kaseboet, bisa dioekoer dina ditarik na gezante Roeslan ti Stockholm, njonja Kollontay.

Tadi isoek njonja kaseboet geus bral miang ka Roeslan, dina mesin ngapoeng.

Pandeuri aja deui bedja ti Amsterdam, magar noeroetkeun pamanggihna correspondent „Nieuwe Rotterdamsche Courant" mah, bisa djadi dina djolna deui tandjakan anjar ti pihak Roeslan teh moal noe piloejoeeun djeung kamerdikaan djeung kanetralanana Finland; ngan, ari terhadep voorstel-voorstel noe sedjenna mah, noe koe kaitoeng bisa ditarima, delegasie Finland oge bibere kakawasaan moetoeskeun anoe tjoekoep.

Kapal-kapal Inggris noe disina teuleum salalawasna!

Sakali beunang doea di hidji tempat.

Tjeuk Havas ti Gibraltar, kapal api Inggris noe dingaranan „Men in Ridge," geus aja anoe norpedo nepi ka kaleboehna, di koeloneun Gibraltar, kira-kira djaoehna 80 mijl ti tempat kaseboet.

Hidji deui, lebah dinja keneh, kapal Inggris anoe dibedilan koe moesoehna teh ngaranna „Leadbury."

Hoekoeman ka noe djaradi mata-mata

Oerang Djerman djeung oerang Parasman.

Krijgsraad (pangadilan militer) di Nancy, tjeuk Reuter ti Parijs, geus nibankeun hoekoem kerdja-paksa satoetoep oemoer ka insinjoer bangsa Djerman ngaran Paul Schunex, lantaran didakwa djadi spion. Aja deui doea oerang Parasman noe ditibanan hoekoem lantaran dosana anoe saroea, djaradi spion; noe saoerang kerdja paksa 10 taoen, saoerang deui 9.

LISAH RAMBOET „DESIDOL"

Maehkeun sagala roepi koetoe-koetoe sareng ngitjalkeun totombeeun. Ramboet djanten leuleus sareng sae.

PANGAOS SABOTOL 20 CENT.

TIASA NGAGALEUH TI

TOKO „PERBOE"
Pangeran Soemedangweg 99a. — 99b.
TELEFOON 3144 — BANDOENG

Indonesia

Bahaja alam di Timbang

Karasa aja lini deui

Ngaloearkeun haseup nepi ka 200 meter.

Dr. Stehn, tjeuk Aid, noe tas naloengtik kaajaan di wewengkon Timbang, patali djeung ajana bahaja alam noe ngamoek tea, ajeuna geus moelih deui ka Bandoeng.

Tina perkara hasil papariksaanana di dieu bisa diterangkeun deui bedja pentingna, njamboeng katerangan noe geus ditetelakeun ti heula tea, nja eta:

Dina tanggal 21 noe anjar kaliwat teh di eta wewengkon keneh (Timbang) geus karasa aja lini deui ngan bae henteu sakoemaha rongkahna, koe kitoena nepi ka kawah noe pang loehoerna digawe deui sarta ngaloearkeun leutak ka handap, ngan bae henteu saperti waktoe ti heula.

Kawah noe pang loehoerna tea, doeanana teroes ngaloearkeun haseup noe loehoerna nepi ka aja antara 150 djeung 200 meter. Demi kawah noe handapna katangen tetep reureuh.

Lantaran katimbang perloe nalingakeun kaajaan di dinja, ajeuna geus ditempatkeun hidji mantri ti Vulcanologischen-dienst.

Lian ti eta oge geus katampa bedja noe netelakeun, jen pihak B.B. ngandoeng niatan ngadegkeun deui desa Timbang, ngan bae lain dina oeroetna bareto, tapi beulah koeloneun Batoer, sarta katimbang leuwih aman manan wewengkon heubeul.

Minjak tanah di tanah Papoea

Katangen aja sarat-saratna kana bakal meunangkeun hasil

Noe didjalankeun di wewengkon Vogelkop.

Njamboeng bedja noe geus diterangkeun ti heula didieu, ajeuna J. B. bisa meunang katerangan deui noe tetela tina perkara ajana tjiri-tjiri kana bakal hasilna pagawean neangan minjak. Tanah noe keur meudjeuhna didjalankeun di Tanah Papoea teh. Noeroetkeun eta bedja tjenah ngabor noe didjalankeun di wewengkon Vogelkop djerona ajeuna geus nepi kana oekoeran 900 meter, sarta geus katangen tjiri-tjiri ajana minjak di eta wewengkon.

Ngan bae ajeuna katangen sabagian gede diwangoen koe tjai biasa bae, ngan bae sanadjan kitoe ngabor teroes didjalankeun sarta ngabogaan pangharepan bakal meunang hasil.

Lian ti eta di beulah koeloneun pangaboran noe ajeuna geus dipetjak deui nempatkeun pangaboran noe dareet (130 meter), sarta harita katangen geus aja tjiri-tjirina. Koe kitoena atoeh di dieu bisa ditetepkeun jen Tanah Papoea teh ngabogaan minjak tanah di djero taneuhna.

Pangeboran noe kadoea noe didjalankeun deukeut ka Selat Sele nepi ka ajeuna tjan meunang tjiri naon-naon, ngan bae sanadjan kitoe pertjobaan teroes didjalankeun.

Anak maehan bapa lantaran baloeweng.

Bapana ditewek nepi ka hanteuna.

Di Terkesi Gorobogan geus aja kadjadian noe matak watir. Hidji toekang tani geus ditewek koe anakna nepi ka maotna. Ari lantaranana mah tatjan sakoemaha lilana indoengna djadi pamadjikanana eta toekang tani tea geus maot. Eta boedak katjida baloewengna ditinggalkeun paeh koe indoengna teh. Dina hidji powe manehna pasea djeung bapana, tapi kawasna koe lantaran geus nepi ka takdirna, eta boedak teh njokot peso dipake newek bapana.

Sanggeusna njieun eta dosa teh katjida handjakaleunana.

Maskape „Nederland."

Kapal2 noe rek ka Indonesia.

Kapal „Tabinta" tanggal 20 October 1939 geus balajar ti Gibraltar sarta dina tanggal 21 baris datang ka palaboean Lissabon.

Kapal „Johan de Witt" tg. 21 October 1939 geus datang ka Lissabon isoek2, sarta dina tanggal 23-na neroeskeun palajaranana ka Nederland.

Koerspostwissel

Keur ka nagara asing.

Ngamimitian ti powe ieu, tg. 25 October, koerspostwissel keur ka nagara loear ti Indonesia teh hargana ditetepkeun saperti di handap ieu:

ka Belgie	1 belga	f 0,32
ka Britsch India djeung Ceylon	1 rupee	„ 0,58
ka Tiongkok	1 dollar	„ 0,16
ka Italie	1 lire	„ 0,10
ka Philippijnen djeung U. S. A.	1 dollar	„ 1,90

Ieu kabeh noeroetkeun hargana doeit Indonesia.

DJAKARTA

Lidmaatschap Volksraad.

Toean Boissevain teu tiasa nampi.

Noeroetkeun bedja noe katampa ti Aneta ti Semarang tjenah ajeuna geus ditetepkeun, jen toean Boissevain, noe geus kapilih djadi lid ti Volksraad pikeun gegentosna toean Van Ardenne teh teu tiasa nampi kana eta pilihan.

Djoeragan Drs. Hermen Kartowisastro.

Ngantoenkeun Volksraad.

Actief deui dina kadinesan.

Noeroetkeun bedja noe katampa koe Aneta, tjenah mah djoeragan Drs. Hermen Kartowisastro, ngamimitian ti tg. 15 November noe baris datang, moetoeskeun baris ngantoenkeun Volksraad, liren tina djadi kaelidan ti College van Gedelegeerden. Lian ti eta oge baris liren tina djadina voorzitter Hoofdbestuur Vereeniging van Inheemsche Ambtenaren bij Binnenlandsch Bestuur (V.A.I.B.), sarta teroes actief deui di kalangan kadinesanana noe kapoengkoer, noe dikantoen koe andjeunna dina taoen 1930.

Ngabor taneuh neangan minjak tanah.

Lho Soekon njatetkeun record pang djerona.

aja 3.415 M.

Ngabor taneuh neangan minjak tanah noe didjalankeun di Lho Soekon, nja eta koe B.P.M., ajeuna teh geus njatetkeun record noe pang djerona keur sakabeh boran noe didjalankeun di Indonesia.

Di dinja ngaborna teh nepi ka aja 3.415 M. ari noe kaasoep pang djerona dina waktoe ti heula noe didjalankeun di Tjitjaoe (Pasoendan), harita aja 250 m deetan manan ieu.

Ngan bae sanadjan geus ngabor nepi kana taneuh noe sakitoe djerona di dinja teh nepi ka ajeuna tetep tjan manggihkeun noe diteanganana (minjak tanah).

SUMATRA

Kapal „Oranje" balajar deui

Ngadjoegdjoeg ka Nagara Walanda

Aneta ti Medan mere bedja, jen dina powe mangkoekna kapal „Oranje" geus bral deui neroeskeun perdjalananana, ninggalkeun palaboean Medan, sanggeusna dina powe Minggoe narima tatamoe kana dek noe hajang terang.

Ti ieu kota noe angkat verlof ka Nagara Walanda kalawan noempakan eta kapal noe anjar teh nja eta kapala ti accountantskantoor Vooren di Medan, toean A. Pavis, administrateur ti onderneming Delimij Helvetia, toean J.v.d. Bergh.

Perhoeboengan palajaran.

Antara Sumatra Oostkust djeung Amerika.

Noeroetkeun bedja selentingan noe katampa koe „Deli Crt" tjenah, tjeuk Aneta ti Medan, perhoeboengan palajaran antara Sumatra Oostkust djeung Amerika teh ajeuna ngamimitian didjalankeun deui sakoemaha biasa, noe barang timboel perang di Europa ngaranapan kakoerangan kapal noe bakal ngamoeat barang-barang.

Ngan bae keur ka Europa mah tetep nepi ka ajeuna teh masih keneh ngaranapan kakoerangan kapal, nepi ka di Balawan teh beuki noempoek bae barang noe perloe dikirimkeun ka eta banoea.

„City of Flint" dibeslah.

Amerika rek protest ka Moskow.

Djerman teroes diamoek bahaja di djero.

Moal ngasongkeun voorstel karapihan deui.

„City of Flint"

Kapal barang Amerika didjabel koe Djerman.

Lantaran mawa contrabanda.

Noeroetkeun bedja noe disebarkeun koe Transocean ti kota Moskow, hidji kapal barang Amerika Sarikat „City of Flint" noe beuratna aja 5000 ton, kalawan dikamoedi koe commando Djerman geus datang ka teloek Kola, beulah kalereun Moermans.

Demi eta kapal teh keur meudjeuhna aja di tengah perdjalanan ngadjoegdjoeg ka Manchester, asal ti kota New York, sarta di tengah laoetan geus ditahan koe kapal perang Djerman.

Harita kana eta kapal teroes dihandjatkeun 18 oerang matros Djerman, perloe ngamoedi eta kapal.

Noeroetkeun katerangan ti matros eta kapal, tjenah pangna eta kapal dibeslag teh koe lantaran ngamoeat barang larangan, contrabanda, sarta di antarana aja gandroem, koelit, lilin, tractors djeung boeboeahan noe djoemlah bobotna aja 3700 ton.

Sadatangna ka Kola kapalna teroes dibeslag ari anak kapal na diinterneer.

Taladjak Pamarentah Amerika.

Patali djeung ajana ieu kadjadian.

Njamboeng kana ieu bedja koe Havas ti Washington geus disebarkeun bedja noe netelakeun, jen Departement oeroesan loear nagara Amerika Sarikat geus marentah ka ambassadeurna noe aja di kota Moskow, soepaja natalengteng perkara dibeslagna kapal City of Flint. tea.

Noeroetkeun katerangan kalangan ahli politiek, tjenah koe ajana ieu kadjadian bakal mawa boentoet noe hade kana debat noe keur meudjeuhna didjalankeun tina perkara ngabadamikeun neutraliteitswet.

Tina eta perkara di dieu bisa diterangkeun, jen koe rarantjang wet kaneutralan noe diasongkeun koe pamarentah Amerika Sarikat teh, njaram ka sakabeh kapal Amerika pikeun balajar di wewengkon perang, noe tangtoe bakal bisa njegah kana kadjadianana saroepa kitoe.

Tapi bakal tetep protest ?

Sanadjan kalangan opisil ka tjida pisan koerang ngaloearkeunana commentaar kana kadjadian noe sakitoe hebatna, tapi noeroetkeun Havas ti Washington mah, bakal bisa ditangtoekeun pamarentah Amerika Sarikat teh rek ngajakeun protest ka pamarentah Sovjet-Rusland djeung Djerman.

Noeroetkeun katerangan London.

Noeroetkeun bedja noe katampa koe London, tjenah eta kapal teh tiloe minggoe ka toekang geus balajar ninggalkeun Amerika ngadjoegdjoeg ka Liverpool djeung Glasgow.

Tjeuk katerangan kalangan Amerika pamarentah Amerika geus marentah ka ambassadeurna noe aja di kota Berlijn soepaja nanjakeun perkara eta kapal ka pamarentah Djerman, malah lian ti nanjakeun di mana ajana teh oge koedoe natalengteng koemaha kaajaanana.

Bakal mawa boentoet.

Ka kalangan bangsa Djerman di Amerika.

Patali djeung ditahanna kapal „City of Flint" teh soerat kabar „New York Herald Tribune" geus ngaloearkeun anggapan, jen Djerman geus ngadjalankeun kasalahan psychologie noe katjida gedena kana anggapan oemoem, koe kitoena henteu bisa pamohalan koe ajana eta kadjadian teh bakal mawa boentoet noe lain loemajan ka bangsa Djerman noe aja di nagara Amerika Sarikat.

Lian ti eta oge perkara ditahanna eta kapal teh bakal mawa pangaroeh noe katjida pisan gedena kana debatten noe didjalankeun perloe keur ngoeroeskeun politiek kaneutralan.

Bahaja di djero noe ngantjam Djerman.

Rasa monarchie beuki soemarambah di kalangan opisir.

Communisme di kalangan kaoem pagawe.

Noeroetkeun bedja noe katampa koe Amsterdam ti Berlijn, tjenah kaoem nationaal socialisten dina waktoe ajeuna katjida pisan merhatikeunana kana beuki timboelna rasa monarchi di kalangan para opisir, tambahna kadjadian-kadjadian boentoetna communisme di kalangan kaoem pagawe handap, kasoesahan Rahajat noe dilantarankeun koe koerang hade teda djeung pakena, noetoep pabrik-pabrik dilantarankeun koe kakoerangan bahan djeung beuki toegenahna kalangan kaoem Roomsch Katholiek, noe diwangoen koe moal koerang ti 50 pCt. ti djoemlahna Rahajat Djerman, tina perkara kaoenggoelanana communisme di kalangan kapolitiekan di beulah wetan.

Lian ti eta koe kaoem kaseboet bieu diterangkeun deui, jen Hitler geus moetoeskeun dina pameakan taoen ieu bakal ngaleungitkeun sakabeh garedja2 katholiek noe aja di Djerman diganti koe garedja Djerman, sarta noe bakal djadi loeloegoena nja meunang ngangkat andjeunna pisan.

Prinses Beatrix sareng Prinses Irene

Moal ngasongkeun deui voorstel karapihan.

Iwal ti noe geus diterangkeun dina rijksdag tea.

Tjeuk Reuter ti Berlijn, koe persbureau Djerman „Deutsche Nachrichten Büro" geus diterangkeun, jen teu aja noe djadi lantaranana nepi ka maksa Hitler koedoe ngaloearkeun deui voorstel karapihan anjar.

„Tina perkara voorstel karapihan Djerman, bisa didjalankeun lamoen make dadasar, noe geus diterangkeun koe Hitler dina rijskdag tea, lantaran harita koe andjeunna geus ditoedoehkeun djalan pikeun karapihan.

Leungeun noe diasongkeun koe Hitler keur tatabean ngajakeun karapihan teh, geus dikepeskeun koe London kalawan katjida pisan bengisna.

Chamberlain mah henteu ngaharep kana ajana karapihan; andjeunna moetoeskeun madjoe djoerit, noe pikeun Djerman mah djadi hidji djalan keur memeres kaajaan."

Von Ribbentrop ngoeroeskeun keur kaperloean djero.

Biantarana di Danzig nerangkeun leungitna pangharepan kana rapih.

Correspondent soerat kabar „Algemeene Handelsblad noe aja di kota Berlijn, tjeuk A. N. P. ti Amsterdam, geus bisa mere bedja, jen Von Ribbentrop biantarana di kota Danzig teh perloe nerangkeun kalawan katjida etjesna ka Rahajat, soepaja ngaleungitkeun pangharepanana kana ngetjagkeun pakarang.

Noeroetkeun selentingan, tjenah Wilhelmstrasse nganggap katjida pisan saloejoena kana eusina eta biantara, ngan bae oemoem mah ngabogaan anggapan, jen eta biantara teh gegedena mah perloe keur maraban Rahajat Djerman woengkoel, sarestanna keur ditoedjoelkeun ka doenja loear.

Kapal silem Djerman djadi wadal ?

Ditaradjang koe barisan R. A. F. ti djomantara

Di lapang pangperangan tiiseun

Diakoe koe doea pihakanana.

Tjeuk Havas ti kota Parijs, noeroetkeun communique noe dikaloearkeun tadi isoek netelakeun, jen kaajaan di lapang pangperangan teh dina powe ieu (kamari Red.) tetep tiiseun, teu aja kadjadian noe penting.

Tjeuk Transocean ti Berlijn, oge koe hoofdkwartier perdjoerit Djerman di Berlijn, poekoel 12 teh geus dikaloearkeun wawaran tina perkara kaajaan di lapang pangperangan.

Noeroetkeun eta wawaran, tjenah dina waktoe ajeuna kaajaan di lapang pangperangan Koelon teu aja actie noe didjalankeun.

Barisan djomantara djeung kapal silem.

Royal Air Force njatetkeun kaoenggoelanana.

Noeroetkeun katerangan noe dikaloearkeun koe minister oeroesan pangapoengan Inggris, tjeuk Reuter ti London, sawatara waktoe ka toekang teh barisan djomantara Inggris, Royal Air Force, geus ngadjalankeun doea panaradjang ka kapal-kapal silem U, saboeboehan di Laoet Kaler djeung saboeboehan deui di Laoet Atlantisch.

Pihak ministerie ngabogaan anggapan, jen eta panaradjang njatetkeun hasil noe katjida pisan gedena: sanggeusna naradjang teh djoeroe2 ngapoeng ma sih keneh kakalajangan di loehoereun tempat naradjangna, ngan bae tetep henteu nendjo poetjoenghoelna deui kapal silem U.

Panaradjang di Laoet Kaler.

Tina perkara panaradjang noe didjalankeun di Laoet Kaler, koe djoeroe ngapoeng Inggris geus diterangkeun kieu:

Barang manehna nangenan ajana kapal silem U, noe dina positie rek naradjang harita keneh gagantjangan naradjang.

Sawatara bom anti kapal silem geus diragragkeun ti awang-awang kana eta kapal silem tea. Koe kitoena eta kapal silem gagantjangan asoep ka djero tjai, sarta ti djomantara geus kadenge bitoena bom-bom tea di dasar sagara. Sanggeusna eta bitoe kabeh teroes djoeroe ngapoeng teh ninggangkeun deui serie bomna noe kadoea, noe leuwih gede. Ti harita mah kapal silem U teh henteu katangen deui moentjoel ka loehoereun sagara.

Di Laoet Atlantisch.

Djoeroe ngapoeng ti barisan djomantara patroli noe naradjang ka kapal silem U di Laoet Atlantisch mah geus nerangkeun kieu:

Barang ti kadjaoehan katangen aja kapal silem moesoeh, eta kapal oedara teh teroes disirorotkeun sarta barang aja loehoereun kapal silem tea teroes diboeroesoetkeun bom bawana tea, sarta noeroetkeun sangkaanana mah koedoe beunangna eta kapal silem teh.

Tjiri-tjiri hideung katangen moentjoel ka loehoereun tjai, sarta barang geus katangen kitoe teroes ditinggangkeun deui bom ka tempat noe perenahna teu djaoeh ti dinja.

Sanggeusna aja sawatara waktoe ngalajang loehoereun eta tempat, katangen jen nepi ka harita kapal silem teh teu aja deui moentjoel ka loehoer.

Ditaradjangna Emile Miguet."

Koe kapal silem Djerman.

Tina perkara panaradjang noe didjalankeun koe kapal silem Djerman ka kapal dagang Parantjis „Emile Miguet," tjeuk Reuter ti Boston, kapitein eta kapal teh geus nerangkeun kieu:

„Ngadjegoerna mariem noe dibekaskeun koe kapal silem ka oerang, djadi hidji tjiri wantji oerang teh aja dina bahaja maot. Waktoe harita geus mimiti reupreupan; projectiel noe kahidji geus ditoetoerkeun koe noe kadoea, koe kitoena nepi ka aja saoerang anak kapal noe djadi wadal.

Sim koering menta ka commandant eta kapal silem soepaja kaidinan ninggalkeun heula kapal, eta pamenta teh ditedoenan.

Harita sarerea teroes naringgalkeun eta kapal marake parahoe panoeloeng bari mawa dahareun satoengtoeng tjan aja noe noeloengan. Sanggeusna 31 djam angkleung - angkleungan di sagara kakara koering sarerea katoeloengan, koe kapal Amerika „Blackhawk."

Sanggeusna kabeh pangeusi eta kapal taroeroen harita keneh eta kapal teroes dikaleboehkeun koe torpedona.

R. G. Soeria Soemantri.
IND. TANDARTS.
Merdika Lio 26 — Telefoon 831 — Bandoeng
Kanggo sagala [illegible] waos baham sareng goegoesi
Nampi tamoe: 8 — 11 endjing2.
4.30 — 6.30 pasosonten.
Sareng noemoetkeun perdjangdjian 221

Actie Sovjet di Asia.

Ngakalan Tiongkok sina nonggong ka Inggris djeung Parantjis

Djadi antjaman kana pangaroehna Inggris ka Thibet djeung India.

Pakarang Sovjet ngaloen ka Tiongkok.

Dikerid ka provincie Szechuwan.

Tjeuk bedja soerat kabar noe kaloear di kota Shanghai tjeuk Domei ti Tokio, ka provincie Szchuwan teh teroes bae meroel kiriman parabot perang Sovjet-Unie.

Lian ti eta oge bisa diterangkeun deui, jen ka dinja teh kalawan majeng teroes dikirimkeun pelor-pelorna, make djalan ngaliwatan ka Sinkiang.

Katjida pisan lobana motor trucks oenggal peuting ngaliwatan ka Cengtu, malah noeroetkeun selentingan mah moal koerang ti 300 siki.

Djoemlahna mobil noe digoenakeun antara Szechuwan djeung kota dagang noe panoengtoengna ti Sovjet kabeh moal koerang ti sapoeloeh reboe.

Ambassade Sovjet di Chungking.

Demi persooneel ti ambassade Sovjet noe aja di kota Chungking beuki dieu teh beuki katjida pisan dilobaanana, malah anjar-anjar ieu geus ditambahan deui koe 300 oerang bawahanana.

Djendral Volkoff, kapala ti missie kaperdjoeritan Sovjet ajeuna kalawan babarengan geus ngajakeun babadamian djeung Chiang Kai Shek.

Noeroetkeun selentingan mah tjenah djoemlahna opsir Sovjet djeung bawahanana noe dina waktoe ajeuna aja di kota Chungking geus aja moal koerang ti sareboe oerang.

Ngadjalankeun campagne anti Inggris.

Lian ti eta, tjeuk Domei ti Tokio, Komintern bagian Beulah Wetan teh, kalawan boeboenian geus mere parentah ka kekentong Tionghoa communist, soepaja ngadjalankeun campagne anti Inggris, sarta koe djalan kitoe bisa gantjang njebarkeun soemangatna, bolsjewiseeren, ka Rahajat di Chungking.

Geus katangen galagatna.

Koe bedja sedjen noe katampa ti kota Chungking geus ditetelakeun deui, jen pamarentah djendral Chiang Kai Shek ajeuna geus njaram ka soerat kabar communist „Sin Hwaji Pao" pikeun teroes disebarkeun, lantaran dina hoofdartikelna teroes njebarkeun soemangat anti Inggris sanggeusna Sir Archibald Clark Kerr soemping ka kota Chungking.

Pamaksoedan Sovjet ka Tiongkok.

Sina nonggongan Inggris djeung Parantjis.

Demi pamaksoedan Komintern teh beuki dieu katangen lain bae hajang malikkeun Tiongkok sina nonggongan Inggris djeung Parantjis, tapi oge bolsjewiseeren Chungking. Demi pamarentah Inggris djeung Parantjis patali djeung ajana perang di Europa geus ninggalkeun politiekna Chiang Kai Shek.

Oge oemoem pada ngabogaan anggapan, jen koe di-Beureumkeunana Tiongkok teh bakal mawa akibat goreng malah djadi antjaman, kana pangaroehna Inggris ka Thibet djeung India.

RADIO
B.B.B.
BROADCAST BRAGA 15 BANDOENG
PHILIPS — ERRES — BLAUWPUNKT — AETHERJAGER.
2013

Speciaal diobral boeat Lebaran!
Barang mentereng, harga kliwat moerah!

tjentjin briljant	mata	1	f 5.—
„ „	matzies		„ 15.—
kontine „	„		„ 12.50
giwang „	„		„ 20.—
gelang „	—		„ 75.—
peneti „	—		„ 25.—
broche „	—		„ 25.—

Diperlengkepken dengen barang-barang Imitatie-Briljant jang djempol dengen harga labrak, moelai f0,25

INTEN BIDOERI
PASAR BAROE 47 — TELEFOON 1163
BANDOENG.

Kota

Roepa2 padjeg Haminteu.

Sakoemaha noe geus dibedjakeun ti heula, noeroetkeun rarantjang bahroeteng taoen 1940, pangasilan Haminteu teh lolobana tina hasil roepa2 paoesahaanana djeung tina roepa2 padjeg.

Batina woengkoel roepa2 paoesahaan teh baris aja f 470.720,— (taoen 1939 mah ngan aja f 437.440,— taksiranana).

Demi pangasilanana tina roepa2 padjeg mah saperti berendelan noe di handap ieu:

Padjeg tongtonan f 145.000,—
Padjeg roepa-roepa toetoempakan, roda d. s. t. f. 83.000,—
Padjeg petasan f. 2.100,—
Padjeg paidin adegan d.s.t.e. f. 9.800,—
Padjeg andjing f. 27.000,—
Padjeg bandana djelema noe matoeh di loear wewengkon Haminteu f. 4.500,—
20 opcenten tina personeele belasting f. 70.000,—
10 opcenten tina verponding f. 37.000,—
14 opcenten tina padjeg kasab f. 230.000,—

Kadjaba ti eta doeit bantoean ti Goepernemen lolobana oge tina roepa2 padjeg, saperti:

Bagian tina hasilna personeele belasting f. 218.000,—
Idem padjeg meuntjit sasatoan (goeroeng) f 86.000,—
Idem benzine accijn djeung padjeg motor .... f 125.000,—
Idem Inlandsche verponding — — — — — f 16.000,—

Djeung deui tina doeit oenggal sareboe perakeun (promillegelden) aja f. 10. 200,— djeung bantoean pikeun kaperloean ngarobah djeung ngahadean kaajaan kampoeng-kampoeng aja f. 50.000,—

Paoesahaan ngandjoekkeun doeit di pasar.

Di antara sababaraha paoesahaan Haminteu Bandoeng noe kaasoep anjar keneh teh nja eta *paoesahaan ngandjoekkeun doeit di pasar* (pasar-credietenbedrijf) noe doeit pokona aja f 2.500.—

Ieu paoesahaan anjar noe maksoedna ngabasmi lentah darat di oenggal pasar teh teu atjan aja kaoentoenganana, boh dina taoen ieu, boh pikeun taoen hareup, sarta noeroetkeun Exploitatie-overzichtna dina sadjero 8 boelan antara 2.3-na tina bahroeteng 1939 teh aja f 830,— taksiranana doeit noe koedoe dikaloearkeun, tapi kadjadianana ti Januari nepi ka Augustus n.a.k. mah ngan aja f 788.—

Taksiran dina bahroeteng 1939 geus dirobah djadi f 1.245, tapi kaloearna doeit nepi ka panoetoep taoen ieu mah baris aja f 1.170,— djeung pikeun taoen hareup baris aja f 1.810.—

Berendelanana saperti di handap ieu:

Gadjih pagawe	f	640,—
Oedoenan pangsioen	„	25,—
Oedoenan ongkos ngoeroesna	„	400,—
Ongkos2 noe sedjen	„	100,—
Rentena doeit rekening Courant voorschot ti Haminteu	„	230,—
Andongan pikeun noe henteu malajar (dubieuze debiteuren)	„	415,—
Djoemlah	f	1.810.—

Oesoem lieur.

Sanadjan kakara 9 powe poeasa noeroetkeun reana djelema noe henteu boga pagawean djeung oedar-ider teu poegoeh padoemoekanana mah — geus mimiti loba djelema noe lieur, sabab basa powe Senen (mangkoekna) woengkoel aja 115 djelema noe koedoe balitoengan djeung Landrechter sarta lolobana teh djelema noe lieur, noe henteu boga pagawean djeung oedar-ider henteu poegoeh padoemoe kanana tea.

Kadjaba ngan saoerang noe koedoe dipoendoerkeun paparik saanana, kabeh oge dihoekoem dengda ti f 1.— nepi ka f 42.— djeung pandjara antara 30 powe djeung 2 boelan, lantaran roepa-roepa perkara palanggaran djeung kadjahatan.

Noe didengda f 42.— teh hidji soepir mobil gorobag, lantaran loba teuing mawa moeatan.

Gang Babakan Tjiamis oeroeg.

Sakoemaha noe geus remen diwawarkeun dina ieu soerat kabar, Gang noe kaseboet di loehoer teh, palebah badmintonbaan „Babakan Tjiamis" katjida pikahariwangeunana. Lantaran djalan teh ajana sisi pisan Tjikapoendoeng. Katambah-tambah ajeuna oesoem hoedjan, atoeh taneuh gawir teh noengtoetan paralid kabawa tjai.

Tapi sigana noe wadjib (Gemeente) nganggap atjan perloe ngabenteng eta gawir koe tembok, boekti nepi ka ajeuna henteu dikoekoemaha, oekoer ditantjeban beusi erel djeung seng oeroet.

Malah malem Minggoe n.a.k. mah, koe lantaran hoedjan teroes-teroesan ti beurang moela, katambah koe tjaahna Tjikapoendoeng, eta gawir teh beulah kabawa palid. Malah batoe2 pinggirna maroeragan ka handap. Kitoe deui asfaltna koe tarik ngamoekna tjai palebah dinja geus bareulah.

Atoeh djalan anoe kakara anggeus sawatara boelan katoekang teh geus rek raroeksak.

Pamiaraan koeda.

Noeroetkeun poetoesan pasamoan Madjelis Koemetir R. R. Bandoeng, di desa Oetama (Tjimahi) aja noe kawidian ngajakeun tempat pikeun pamiaraan koeda (paardenfakkerij).

Kas desa Tjiparaj

Poetoesan desa Tjiparaj hal rek make doeit kas desa pikeun ngomean sasak reana f 140,— geus disahkeun koe Madjelis Koemetir R. R. Bandoeng.

Ngoekoet babi djeung meres soesoe.

Toean W. H J. Mutschler geus meunang paidin ti R. R. Bandoeng pikeun moeka tempat pameresan soesoe (melkerij) djeung tempat pikeun ngoekoet babi (varkensfakkerij) di desa Oetama (Tjimahi.)

Batal poeasana.

Pagawena Bandoengsche Ysfabriek ngaran H. noe tara ninggalkeun kawadjiban agamana sarta sanadjan pagaweanana beurat oge teroes poeasa, kamari mah batal poeasana teh, sabab waktoe manehna ka Dagoweg no. 1 geus digegel andjing nepi ka manehna kapaksa koedoe dioebaran heula di Inst. Pasteur.

Wawaran ti Post,

Nepi ka powe (tanggal) noe teu atjan bisa ditangtoekeun, ti *Noorwegen* teh henteu bisa ngirimkeun postwissel ka Hindia-Walanda.

Kitoe deui postkwitantie, rembours postpakket — djeung aangeteekend nepi ka tanggal noe teu atjan bisa ditangtoekeun henteu bisa dikirimkeun ti dieu ka Noorwegen.

Kiriman-kiriman noe kalepasan [geus ditampa koe post tapi teu atjan dikirimkeun] baris dipoelangkeun deui ka noe bogana kalawan dibere paroeroegi oeroet ongkosna [prangko].

Paoesahaan tinoen anjar

Aja 24 tambahanana di sadjero saminggoe.

Nilik kana reana djelema noe meunang paidin ti R. R., kaajaan paoesahaan tinoen dina sadjero boelan Augustus, Sept. djeung October teh—sanadjan hargana barang-barang bahan kaperloean ieu paoesahaan sawareh geus oendak sarta soesah bisana meunang eta barang oge —beuki tambah bae, malah dina minggoe toekang woengkoel aja 24 djelema noe moeka paoesahaan tinoen anjar, sarta lain ngan di kotana kawadanaan, di sababaraha desa noe djaoeh ti *Tjiparaj* djeung *Tjitjalengka* oge loba, saperti di desa Tjikantjoeng woengkoel aja 4-tan.

Djeung deui di antara ieu 24 paoesahaän anjar teh noe 3 bogana bangsa Tionghoa, nja eta Tjong Sin Fah di Bodjong noe make 42 toestel, Jo Hok Seng di Tjiparaj noe make 14 toestel djeung Kho Hok Houw di Manggahang 7 toestel.

Ti golongan Indonesier aja 1 noe make 18 toestel djeung 1 noe make 14 toestel, nja eta *Emen & Wirta* djeung *Sari cs.*, kabeh di Tjipedes (Tjitjalengka).

Noe make 9 toestel ngan aja doea, nja eta Soewatma di Mantri tjina djeung Nji Idjah di Rantjadjigang. Noe make 8 toestel H. Moelja di Tjikantjoeng, sarta aja saoerang noe ngan 1 toestel, nja eta Nji Nentji di Tjikantjoeng.

Demi noe 14 deui mah kabeh oge ngan make 4 toestel.

Hasilna koeboeran-koeboeran di Bandoeng.

Patali djeung bedja noe ti heula, hal hasilna koeboeran2 di djero wewengkon Haminteu Bandoeng tea, pereloe diterangkeun jen hasilna koeboeran oerang Islam ti boelan Januari nepi ka Augustus n. a. k. teh aja f 4.322,— (taksiranana atawa 2 per 3 na tina bahroeteng 1939 mah ngan f 4000), sarta nepi ka panoetoep taoen ieu baris aja f 6.200,— hasilna. Lantaran taksiranana dina bahroeteng 1939 noe geus dirobah teh ngan f 6.000—, atoeh djadi aja f 200,— nondjolna tina taksiran bahroetengna.

Demi koeboeran-koeboeran Furopa djeung Tionghoa dina taoen ieu teh baris aja f 5.9000,— djeung f 5.100,— hasilna.

Hasilna ti Januari nepi ka Augustus n.a.k. (Europa) aja f 41.825,— djeung Tionghoa f 3.676,— Ari taksiran bahroetengna saroeadjeungdoea pertiloena teh ngan f 39.667,— [Europa] djeung f 2.667,— [Tionghoa].

Djadi tetela pisan jen di bagian koeboeran Europa djeung Tionghoa oge lain saeutik nondjolna hasil tina taksiran bahroetengna teh.

Indonesia

MATARAM

Kangdjeng Soeltan Djokjakarta Hamangkoe Boewono VIII.

Saeutik sadjarahna.

Samemeh ngadjoedjoet saeutik sadjarahna Kng. Soeltan Soewargi perloe di dieu nerangkeun heula (deui) kadjadian loear biasa dina dintenanana poepoes.

Sakoemaha noe geus diterangkeun ti heula poepoesna Kng. Soeltan teh dina malem Minggoe soeboeh. Samemehna rawoeh ka Djokja ti Batawi dina powe Saptoe saperti biasa Rajat noe nampa iber geus ngalioed ngagimboeng di sapandjang djalan Malioboro noe ti station Toegoe teroes ka Karaton.

Dina keur ngagimboengna djelema, langit noe tadina lenglang teh ngadak-ngadak djadi tjeudeum, sarta beuki lila beuki angkeub bae. Di antarana loba noe ngira jen bakal aja kadjadian loear biasa.

Kira-kira poekoel 2 ger hoedjan gede pisan noe dimimitian heula koe gelap tarik pisan, sarta kilatna noe ngaboerinjaj siga noe noedjoe ka station pisan.

Isoekna powe Minggoe sanggeusna aja bedja katembongna kota Mataram djadi soerem. Di sapandjang djalan ti Solo nepi ka Djokja dipasang bandera satengah tihang, nja kitoe deui di kotana.

Zender Mavro bakal teroes matja Qoer'an nepi ka 40 poë, dibantoe deui koe Sri djeung S.R.V.

Noe lengkepna mah djenengan Kng. Soeltan Soewargi teh: Sampejan Dalem Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soeltan Hamangkoe Boewono Senapati ing Ngalogo Ngabdoerachman Sajidin Pnatagama Kalifatoellah ing kang kaping VIII.

Mantenna mimitina mah teu kenging didikan modern.

Barang mantenna rek djeng kar ka Europa kakara ngoelik basa Walanda ti sala sahidji Walanda di Djokja. Harita mantenna teh joeswa 39 taoen.

Di Nagara Walanda mantenna ngan kenging sataoen, lantaran kaboedjeng disaoer moelih ngagentos Kangdjeng Rama Hamangkoe Boewono VII. Noeroetkeun bedja politiek contract ieu Soeltan anjar teh ditawisna waktoe mantenna dina kapal keneh, sanggeusna rawoeh ka Sabang.

Mantenna dibabarkeun powe Rebo wage tanggal 21 Moeloed taoen Waoe 1809 atawa tanggal 3 Maart 1880. Djadi joeswana nepi ka ajeuna 59 taoen (noeroetkeun taoen Walanda), tapi noeroetkeun taoen Djawa mah 61 taoen.

Mantenna diistrenan djadi Poetra Makoeta dina boelan September 1914, sarta didjenengan Kangdjeng Goesti Pangeran Adipati Anom Mangkoe Nagara, Soedibja Radja Poetra Narendra Mataram. Djadi kakara joeswa 34 taoen.

Keur Anomna pisan (dina nintjak sawawa) djenenganana teh Pangeran Poerabaja.

Diistrenana djadi Soeltan Hamangkoe Boewono VIII, ngagentos Kandjeng Rama H. B. VII dina powe Salasa Kaliwon tanggal 29 Djoemadilawal taoen Alip 1851 atawa 8 Februari 1921.

Saderek mantenna ti Ratoe Emas aja lima, nja eta Kangdjeng Goesti Pangeran Adipati Anom Mangkoe Negara (Poetra Makoeta kahidji djaman Kng. Soeltan VII), tapi teu lila teroes poepoes. Toeloej Poetra Makoeta digentos koe saderekna. Koe lantaran kasehatanana sok remen kaganggoe nja digentos deui koe saderekna noe amom. Tapi ieu oge teu lila poepoes.

Nja dina taoen 1914 digentos koe saderek anom G. P. H. Poerabaja, nja eta Kng. Soeltan noe nembe poepoes.

Perloe diterangkeun jen Kng. Soeltan H. B. VII ti Kng. Ratoe Kentjono kagoengan deui poetra: G. R. A. Mangkoe Koesoemo, G. R. A. Tedjokoesoemo, G. K. Ratoe Dewi, G. K. Ratoe Emas (tilas prameswarina Kng Soesoehoenan Soewargi PB. X, Solo), G.P.A. Koesoemo djeung G.P.A. Boeminoto.

Bintang2 Kangdjeng Soeltan ti pamarentah Walanda djeung pamarentah sedjenna.

Djoemblah aja 11.

Grootkruis van de Orde van Oranje Nassau, Commandeurskruis der Orde van den Nederlandschen Leeuw, Groot Kruis der Orde of Mecklenburgsche Huis, Orde van den Wendischen Kroon, Grootkruis van de Koninklijke Orde van Kambodja, Grootofficier i.d. Orde van de Kroon van Siam, Grootkruis van de Koninklijke Orde van Leopold II, Grootkruis in de Orde van de Zwarte Ster van Benin, Grootofficier in de Orde van Wasa van Zweden, Grootofficier der Koninklijke Orde van de millioenen Olifanten en het Witte Zonnescherm djeung Groote Witte lint met rooden Band der Orde van de Jade.

Kangdjeng Soeltan Soewargi teh ngagem pangkat Generaal Majoor bij de Leger van Hare Majesteit de Koningin.

Poetra djeung Poetri.

Poetra djeung Poetri Kangdjeng Soeltan teh, diitoeng djeung noe poepoes aja 41.

Njaeta K.R. Pembajoen, BRM Timoer (poepoes), BRA. Sindoeredjo, BRA. Poerbowinoto, BRM Moestarari (poepoes), BRA. Djajadiningrat, GP. Hangabehi, BPH Poerbojo, BRM. Soemeroe, BRM. Soedyarso (poepoes), BRM Djojowinoto, BRA. Siti Moetosangiloen (poepoes) BRM Kartolo, BRM. Tingharto, BRA Siti Noerwatdinah (Tjondjrodiningrat), GRM. Dorodjatoen, BRA. Koeswanaji (Tjokrodiningrat), BRA. Sri Wajati (Poerbosepoetro), BRA Siti Swandari (Poerwodiningrat), BRM. Doerjwatnahoe (poepoes), BRM Mohejatoen, BRM Raisoelngaskari, BRM Alposoeatlamion, BRA Hilaloelngasarati (Koesoemodiningrat), BRM Moepasahloelkohini (poepoes), BRM Hilaloelkirami, BRM Makanoemoenodjati, BRM Peloelkoeloeki, BRA Siti Soetiyanti, BRM Soenwoto, BRA Siti Pandamsari, BRM Soedadsatir (poepoes), BRM Hening, BRM Bonokamsi, BR Wahjworini (poepoes), BRM Satryo, BRA Siti Prajoeti (poepoes), BRA Wedyastoeti, BRA Siti Soetarsin, BRM Danangdjojo djeung BRM Roebinharjani.

Prameswari djeung selir

1. B. R. A. Moertiningdyah (teu kagoengan poetra)
2. B. R. A. Poedjaningdyah (kagoengan poetra 8)
3. B. R. A. Poespitaningdyah (poepoetra 9)
4. B. R. A. Srengkorhardiningdyah (poepoetra 7)
5. B. K. R. A. A. Anom (poepoetra 1, nja eta G.R.M. Daradjatoen noe aja kans ngagentos Kangdjeng Rama Soewargi)
6. B. R. A. Roekmihadiningdyah (poepoetra doea)
7. K.B.R.A. Retnohadiningroem (poepoetra 7)
8. B.R.A. Retnopoespito (poepoetra 6)
9. B.R.A. Tedjaningroem (poepoetra hidji)
10. B.R.M. Retnowilanten (teu kagoengan poetra)
11. B.R. Retnodjoeminten (teu poepoetra)
12. K.B.R.A. Retno Sri Woelan (teu poepoetra)
13. B.R. Retnosoeminarsih (teu poepoetra)

Perloe ditjaritakeun: salamina Kangdjeng Soewargi njepeng Karadjaan Djawa koerangleuwih 18 taoen karaton soewoeng teu kagoengan Ratoe, lantaran samemeh mantenna diangkat Radja, nja eta waktoe masih keneh djadi poetra Makoeta, garwana BKRAA Anom „dikebonkeun" moen oerang mah meureun dipirak atawa sigana leuwih merenah diseboet segah Red. Sip.).

Saha noe bakal ngagentos Ratoe?

Gede sangkaan kana bakal diangkatna G.R.M Daradjatoen. Ngan bae aja saeutik noe djadi pertanjaan, lantaran andjeunna teh bener poetra noe pangsepoehna tapi lain Ratoe Iboe. Althans prameswarina sakoemaha kaseboet di loehoer, samemeh diangkat djadi Ratoe Iboe geus dipisahkeun heula.

G.R.M. Daradjatoen.

G.R.M. Daradjatoen teh, nja eta poetra Kng. Soeltan noe pangsepoehna waktoe Kng. Soeltan djadi Proetra Makoeta keneh koemaha sakaseboet di loehoer.

Joeswana ajeuna kakara 25 taoen. Sanggeus andjeunna kakaloear ti H.B.S. teroes ka Nagara Walanda nempoeh pangadjaran Indologie di Leiden.

Dalapan boelan deui kana tamat sakolana andjeunna kapaksa moelih, dipoendoetna moelih koe noe djadi Rama.

MAGELANG

Mobil Militair meunang katjilakaan.

Genepan tjilaka, di antarana saoerang teroes maot.

Peuting kamari kira poekoel 8, tjeuk Aneta ti Magelang, geus aja hidji mobil militair di djalan gede di wates Malang Kidoel, geus meunang katjilakaan. Eta mobil teh sanggeusna ngadoepak ka lima awewe djeung hidji lalaki teroes neunggar tetangkalan, nepi ka tibalikna pisan. Soepir eta mobil djeung genepan noe meunang katjilakaan tea, kabehanana kalawan gagantjangan teroes dikirimkeun ka roemah sakit pikeun ditoeloengan, ngan bae hidji awewe, lantaran tatoena katjida parna peuting tadi di roemah sakit teh geus ngaleupaskeun njawana noe panoengtoengan.

DJAKARTA

Tanghara bahaja

Ti heula di sabagian ieu kota geus ngadjadjal nabeuh tanghara bahaja noe dipingpin koe L B D.

Sakeudeung deui di bagian kota noe sedjenna saroepa kitoe teh baris didjalankeun deui.

Tidinja toeloej baris diajakeun nabeuh tanghara dibarengkeun di sakoeliah kota sarta sakabeh badan L B D dikoedoekeun miloe.

Taoen hareup bakal teroes babarengan sakoeliah Djawa, noe dibagi-bagi koe sapropinsi-propinsina.

Moal djongdjon oepami teu atjan dilebetkeun ka sakola Pasoendan poetra teh

TOKO TANAKA
Gr. Postweg Oost 13 - Telf. 567 - Bandoeng

Berhoeboeng dengan hari Lebaran soedah hampir dateng maka kita dengan sengadja soedah menjediaken barang² keperloean Njonja² dan Toean² boeat merajaken hari raja. Boeat harga² seperti biasa tetep ringan. Dari itoe saja menoenggoe kedatengan Njonja² dan Toean², boeat saksiken kita poenja persediaan.

T. N. K. BROTHER's Co.
T. N. K. (HANDWERKCURSUS)
Groote Postweg O (Katja katja Wetan No. 92)
TELEFOON No 152 BANDOENG.

Koe djalaran ajeuna parantos tjaket kana sasih Siam, tjaket kana dioten Lebaran, ngabadja kekengingan maroerangkalih d i a l a d j a r, sapertos roepi² RAKSOEKAN moerangkalih ROK-ROK, KAMEDJA kanggo moerangkalih sareng sepoeh sadajana tina WOOL 100% DIIJAL NOE TEU KINTEN MIRAHNA

Padamelanana beres sareng kiat model-modelna netjis

Lintang ti eta oge masih n a m p i keneh moerangkalih anoe bade diadjar. Bajaran tiasa badanten noe langkoeng paos di Kantoor

Hoermatna.
DE DIRECTIE.

Radio

VORL
Zender YDH 7
Golfl. 85.96 Meter

Kemis, 26 Oct. 1939

17,00 Kabar loear negeri terpenting.
17.15 Lagoe Djawa.
17.45 Lagoe Hawaiian dan Ambon.
18,15 Berita soerat kabar (Soenda).
18,30 Pauze.
19.00 Lagoe Melajoe.
19.15 Berita soerat kabar (Indonesia).
19,30 Lagoe Gamboes.
19.45 Mengadji Koer'an oleh t E Abdoerrachman.
20,15 Lagoe Toerki.
20.45 Lagoe manasoeka menoeroet permintaan (plaat2 grammofoon).
22 00 Toetoep.

Djoemahat, 27 Oct. 1939

12.00 Choetbah dan sembahjang dari Misigit besar Bd.
13.00 Toetoep.
17.00 Kabar loear negeri terpenting.
17.15 Lagoe Djawa.
17 45 Lagoe Krontjong.
18 15 Berita soerat kabar (Soenda)
18.30 Pauze.
19,00 Lagoe Hawaiian.
19.15 Berita soerat kabar [Indonesia].
19.30 Lagoe Soenda.
20,00 Peladjaran Gamelan dari gedong PMHBI.
23 00 Toetoep.

N. I. R. O. M.

DJAWA BARAT

Kemis, 26 Oct. 1939

Bandoeng II 192 *dan* III 50, *Batavia* II 197

6.00 Tanda waktoe.
6.03 Roepa2 lagoe Ambon.
6 30 Berita Pers.
6 35 Lagoe2 Tionghoa modern.
7.00 Tanda waktoe.
7 01 Lagoe2 Toerki.
7.25 Berita Pers. (oelangan).
7.30 Toetoep.

Bandoeng II 192 *dan* III 50

12,00 Tanda waktoe.
12.03 Concert oleh Studio Orkest dipimpin oleh Atoengan.
13.00 Gambang kromong.
13.30 Berita Pers.
13 40 Lagoe2 Sipirok.
14 20 Berita Pers (oelangan).
14.30 Toetoep.

Batavia II 197

12,00 Tanda waktoe.
12.03 Krontjong dan stamboel.
12 45 Lagoe2 Arab.
13 00 Lagoe2 gambang kromong
13.30 Berita Pers.
13.40 Lagoe2 Minangkabau
14 20 Berita Pers (oelangan).
14 30 Toetoep.

Bandoeng II 192, *Batavia II 197 PMH 45.*

17 00 Tanda waktoe,
17.05 Tamau Pemoeda Banasa Djawa, dipimpin oleh Pak Sastro.
17.45 Moesik krontjong.
18.00 Adzan, sembahjang.
18.45 Kasidah Arab.
19.00 Pemandangan Oemoem.
19 20 Gamelan Djawa.
19,40 Berita Pers.
20.00 Tanda waktoe.
20.01 Lagoe2 Melajoe Singapore
20 15 Agama Islam Penerangan toean H. A Salim
21,00 Asjoebban Orkest gamboes dipimpin oleh Hoesein Bawafi.
23 00 Toetoep.

PMN 29

22,00 Assjoebban.
23 00 Perkoempoelan orang Minangkabau dirantau oentoek siaran radio.
24.00 Toetoep.

YDX 41 55

(Djam Sumatra oetara)

7 00 Lagoe2 Tionghoa Cinema
7.30 Lagoe2 Arab.
8.00 Toetoep.

YDX 41 55

17.00 Lagoe2 Batak.
17.40 Lagoe2 dan comic Melajoe.
18.30 Pembatjaan Qur'an.
19 00 „Dammoessoebban Gamboes partij." jang dipimpin oleh Mohd Joenoes Nst.
20 00 Toetoep.

Djoemahat, 27 Oct 1939

Bandoeng II 192 *dan* III 50
Batavia II 197

6.00 Tanda waktoe.
6.03 Pengadjian Qur'an
6 30 Berita Pers.
6 35 Lagoe2 Semenandjoeng.
7.00 Tanda waktoe.
7 01 Strijkorkest Belloni.
7 25 Berita Pers (oelangan).
7.30 Toetoep.

Bandoeng II 192 dan III 50,

12.00 Tanda waktoe
12.03 Tembang Soenda.
12 30 Lagoe2 Ambon.
13 00 Lagoe2 gamboes.
13.30 Berita Pers.
13,40 Ketoprak „Kr do Moedo."
14 20 Berita Pers (oelangan).
14.30 Toetoep.

Batavia II 197.

12.00 Tanda waktoe.
12.03 Tjelempoeng dan klin ngan Soenda
12 30 Lagoe2 Bali.
13 00 Gamboes Arab.
13.30 Berita Pers.
13.40 Ketoprak.
14 20 Ber ta Pers (oelangan)
14.30 Toetoep.

Bandoeng II 192, Batavia II 197 PMH 45.

17.00 Tanda waktoe.
17.05 Taman Pemoeda, oentoek dan oleh anak-anak Tionghoa
17 45 Strijkorkest Bellon.
18,00 Opera Melajoe.
18.30 Lagoe2 extra.
19 00 Cooperatie pembitjaraan doeroes oleh VAMOLA.
19.30 Moesik krontjong.
19.40 Berita Pers.
20.00 Tanda waktoe.
20.01 Peladjaran Bahasa Belanda oleh toean G. H. H Zandvoort
20 40 Lagoe2 Hawaiian.
21.00 Margaloeyoe Orkest ketjapi, dipimpin oleh A. Danoe.
23 00 Toetoep.

PMN 29.

22 00 Margaloeyoe.
23.00 Roepa2 lagoe krontjong.
23,30 Melajoe Singapore.
24.00 Toetoep.

YDX 41 55

(Djam Sumatra Oetara)

7,00 Lagoe2 Gamboes.
7.30 Moesik Tionghoa.
8.00 Toetoep

YDX 41.55

17.00 Lagoe2 Hindustan
17.30 Lagoe Melajoe bangsawan.
18.20 Loedroek.
18.50 Lagoe2 Tionghoa modern.
19 30 Krontjong.
20.00 Toetoep.

N. I. R. O. M.

DJAWA TENGAH DAN TIMOER

Kemis, 26 Oct 1939

Djocja II 128, *Semarang* II 197, *Soerabaia II 61 dan* IV *129, Solo* II 180

6.00 Tanda waktoe.
6,03 Lagoe Tionghoa
6 30 Lagoe lagoe Hindustan dan Urdu.
6.40 Berita Pers.
6 45 Lagoe2 Bali.
7 00 Tanda waktoe.
7 01 Gamelan Djawa Tengah
7.25 Berita Pers (oelangan).
7 30 Toetoep.

Soerabaja II 61 *dan* IV 169

12,00 Tanda waktoe
12,03 Pembatjaan Al Qur'an oleh njonja Siti Aminah.
12,30 Lagoe2 Tionghoa.
13.00 Lagoe2 Sumatra.
13.20 Berita Pers.
13 30 Krontjong S. Abdullah.
14.00 Loedroek Doerasim.
14 20 Ber ta Pers (oelangan).
14.30 Toetoep.

Djocja II 128, *Semarang* II 197 *Soerabaia* II 61 *dan* IV 129, *Solo* II 120.

17.00 Tanda waktoe.
17.03 „The Cocoanut Islanders" Hawaiian Orkest.
18.00 Agama Islam.
18,20 Opera Melajoe
18.40 Krontjong.
19.00 Tanda waktoe.
19.01 Berita Pers dan Dagang.
19.15 Membalas soerat2 dan rapport.
19.20 Lagoe2 Arab.
19.30 Tafsir Qur'an
20,15 Lagoe2 Arab
20.30 Agama Islam Penerangan njonja Siti Aminah
21.00 Yang Khiem Orkest dipimpin oleh Oei Tiang Kiet.
23.00 Toetoep.

Djoemahat 27 Oct 1939

Djokja II 128, *Semarang* II 197, *Soerabaja* II 61 *dan* IV 129, *Solo* II 120.

6.00 Tanda waktoe
6 03 Mengadji Qur'an
6 40 Berita Pers.
6.45 Lagoe2 Arab modern.
7 00 Tanda waktoe.
7 01 Krontjong modern
7 25 Berita Pers (oelangan).
7.30 Toetoep.

Soerabaia II 61 dan IV 129

12.00 Tanda waktoe.
12.03 Chotbah2 dan lafaz sembahjang Djoemahat
12 50 Cabaret.
13 20 Berita Pers.
13 30 Lagoe2 Tionghoa modern.
14 00 Gamelan Djawa Tengah.
14.20 Berita Pers (oelangan)
14.30 Toetoep.

Djocja II *128, Semarang* II 197, *Soerabaia* II *61 dan IV 129, Solo* II *120.*

17.00 Tanda waktoe.
17.03 Moes k Tionghoa.
17.15 Langendrijan
18 00 Lagoe Tionghoa extra Pat Iem dipimpin oleh t. Oei Tiang Kiet
18.30 Khong Tjoe. Penerangan oleh t. Tjiong Tjin Khoen.
18.50 Lagoe2 Ambon.
19.00 Tanda waktoe.
19.01 Berita Pers dan Dagang.
1915 Membalas soerat2 dan rapport.
19.20 Pak Doho And His Boy Scouts accordeon-band.
20,01 Peladjaran bahasa Belanda dari siaran T moer di Bandoeng.
20.40 The Melody Band dipimpin oleh Koesb ni dan Moechtar.
24 00 Toetoep.

V. O. R. O.

Zender Y. D. G. 8
Golflengte 89

Kemis, 26 Oct. 1939

10,00 Roepa2 Lagoe Krontjong dan Stamboel.
11.00 Lagoe2 Melajoe Seberang.
12.00 Lagoe Gamboes.
12,30 Lagoe Belloni.
13.00 Lagoe Ambon.
13 30 Lagoe Hawai an.
14.00 Berhenti.
17 00 Roepa lagoe Soenda.
18 00 Lagoe2 Tiong Hoa.
18 30 Leloetjon Kwa Toemboe.
19 00 Berita soerat kabar.
19.30 Pengadjian oleh njonja Amazar.
20.30 Lagoe Djawa
21.30 Lagoe Gambang kromong.
22.00 Berhenti.

Djoemahat, 27 October 1939

10 00 Roepa2 Lagoe Krontjong dan stamboel.
11.00 Roepa2 Lagoe Soenda.
12,00 Lagoe Gambaug kromong.
13 00 Lagoe Hawaiian.
13 30 Lagoe Djawa.
14,00 Berhenti.
17 00 Roepa2 Lagoe Krontjong dan Stamboel.
18 00 Lagoe Ambon.
18.30 Pembatjaan dari Soerat2 kabar
19.00 Oentoek anak-anak dari OCRO
19.20 Pembatjaan Kitab Indjil oleh T. Harahap.
20 30 Radio Tooneel Souvenier „Djakarta" jang dipimpin oleh t. Soewarno Martoscedirdjo.
24 00 Berhenti.

WARAGADNA SIP.
Dina strookna postwissel oelah lali njerat nomer abonne.

DI BANDOENG

Ance teu aja bandingna - Service sareng **Coulance**
Dina SAENA - RAPIHNA sareng MOERAHNA.
DJOERAGAN KANTOEN MILIH:
GELANG KEMBANG TJENTE MANIS — GELANG BAND KENDARI
GELANG BERLIANT — GIWANG MARKIES — LEONTINE BERLIANT
TJINTJIN BERLIANT MARKIES — sareng SEUEUR deui roepi² djabi ti ijeu.

TOKO MAS „BAROE" HOEK A. B. C.-STRAAT

BOBORAN SIAM parantos tjaket.
Toko pribados parantos sajagi ti ajeuna sanes kanten kaperloean barang barang perhiasan kangge djoeragan istri, sapertos:
Giwang Kembang — Giwang Piring — Giwang Markies
Leontine batoe camee — Leontine Berliant
Gelang Ranteh — Gelang tatah — Gelang band
Erlodji tangan made in Zwitserland
sareng seueur deui djabi ti ijeu.
Langkoeng oetami sae soemping ka
TOKO MAS TJAP BOEROENG, DI PASAR-BAROE NO. 23

Emoetkeun! Wartos penting!

MOAL SAKOEMAHA LAMINA DEUI BADE LEBARAN. TANGTOS SADAJANA OGE HOJONG BALANDJA PANGANGGO NOE SAE PANGAOS MIRAH.

Waktos ieu pribados ngahadja midamel roepi² panganggo moerangkalih sapertos MANTEL- DJAS- BLOES- RAKSOEKAN MATROS- EROK² noe modelna pang enggalna (djempol) lintang ti eta salamina sajagi kamedja & pyama sareng roepi² topi. — Sanaos ajeuna barang arawis pribados ngahadja teu naekkeun pangaons. —

Koemargi eta mangga geura boektoskeun koe andjeun, ka:

TOKO „MODERN"
Gr. Postweg Oost No. 17
[Sagigireun Toko Tjijoda] Bandoeng

TOKO „MAJA"
Pasar Baroeweg 36
Bandoeng.

Djisim koering salamina sajagi roepi² katja sotja kanggo djoeragan istri pameget. Pangaosna noemoetkeun djaman, toer sadajana modern sareng eerste kwaliteit.
Oge nampi RECEPT ti dokter.
Kanggo diparios para Djoeragan kenging GRATIS
Panjitjilan kalajan atoeran noe katjida entengna.
Hoermatna noe ngadjeng²
SHANGHAI OPTICAL Co.
Gediplomeerd opticiën
PASAR BAROE 33 — BANDOENG

Petjah perang Doenia . . . . soedah seboelan setengah . . . !

Semoea harga² barang import, apalagi KRAMERIJEN pada roemah tangga dinaekan keras sekali, hingga banjak jang di . . . verbaal.
Tapi:
Toko „SING"
(Sebelah Roemah Obat „Karoehoen")
djoeal barang²-nja dengan mengimbangi langganan poenja kepentingan.
Boeat boelan POEASA sampe LEBARAN, kita sengadja sediakan segala matjem barang-barang sampe tjoekoep, harga-harga boleh dibandingkan dengan laen-laen toko.
Datang saksikan sendiri, baroe Toean dan Njonja akan akoehi, satoe kali beli barang-barang di toko „SING" Toean dan Njonja akan djadi langganan tetap . . . . !
Hormatnja TOKO „SING"
Groote Postweg Oost No. 24 - Bandoeng

KABAR GIRANG!!!
Toean2 en Langganan2. Koendjoenginlah lantes kita poenja

UITVERKOOP!

Kemedja Poplin Strip roepa-roepa oekoeran	à	F 1.15
Dasie soetra kembangnja jang baroe 2 stuks	à	F 0.49
Topi Vilt made in Hongkong	à	F 1.65
Kaous Kakie kembang cotton made in Shanghay 3 prs.	à	F 0.59
Bertel Poetih atawa kleur	à	F 0.77
Badmantel Europesche fabrikaat	à	F 2,89
Sweaters cotton made in Italy	à	F 0.66
Regenjass Water Proof made in Engeland	à	F 2.95
Kemedja Tricoline titik en striped	à	F 1,45
Dasie Wool Striped modern en manis kleurnja	à	F 0 95
Topi Sim-Son mode pasvorm en netjes	à	F 1.99

dan banjak lain-lainnja lagi jang kita tidak toeliskan.

Garantie UITVERKOOP toelen dan moerah!!

Heerenmodemagazijn DE „GLOBE"
Groote Postweg Oost No. 28. t/o Bandoengsche Apotheek
BANDOENG.

Ngaraos AMPEG dina DADA? GOHGOJ?
Enggal LANDONGAN koe
„KURISAN"
„KURISAN" tiasa dianggo ngalandongan sanes kanten gohgoj sareng ance kataradjang panjawat mengi.
Mengi oepami parantos sawatawis waktos dilandongan koe „KURISAN" tangtos enggal damang.
Pangaos dilebet flacon f 0,50
Pasar-baroe Apotheek „EUREKA"
PASAR BAROE 19 — t/o TOKO SINGER

Ti ajeuna parantos sajagi roepi-roepi kaen batikan sareng saroeng batik, boeatan Solo. Djocja, Tasik, Cheribon, Lasem. Djonasan sareng sadjabi ti eta.

Oge ngitjal Karembong Palangi, saroeng Tinoenan, Plekat sareng Kopjah roepi-roepi model. Mangga enggal soempingan koe para Djoeragan sadaja, pangaos ditanggel njoegemakeun.

Ged. 25146

BATIK EN DJAMOEHANDEL
TJAP DOEA KERIS
Mevr. LIE TJOE DJOAN,
Tjikoedapateuh 235 — Bandoeng

„Sipatahoenan"
Telef. No. 3352

Rebo 25 October 1939.

Sipatahoenan

Rebo II Poeasa 1358

Lambaran kadoea

Hoofdredacteur: MOHAMAD KOERDIE

Taoen ka XVI No 253

Ngoedji perdjangdjian Duitschland-Rusland.

Ditilik tina harti economie-na.

Rusland noe kabagoan poepoengkilna.

(Beunang bijz. medewerker J. B. di nagara Walanda)

—tamat—

Roeslan ketjemekan.

Dina objagna bocana Eropa teh noe ketjemekan mah Roeslan, boh politiekna, boh economiena. Ti sapihak mah nepi ka aja noe njangka ditandana eta perdjangdjian teh ngan sangkan njegah oelah nepi ka Djerman ngabedah Roeslan bae. Tjeuk sakaol deui Roeslan rek ngatjak Azië Wetan, lamoen Djepang geus leuseuh (?) economiena.

Koe asa hese kana leuseuhna teh Djepang mah, da ajeuna oge pakarang petinganana mah tjan dipidangkeun di Tiongkok teh. Sakoemaha pililaeunana Roeslan koedoe ngajonan Djepang, lamoen nagara Panon Powe Bidjil geus ngamoerba wisesa pependeman2 bahan noe aja di Tiongkok, malah matak paoer kawalahan.

Katjida Roeslan ngarasa paoerna, oepama Sibirië djeung Wladiwostock geus digenggem koe Djepang, sabab koe ajana ieu teh keur Roeslan mah asa geus nompokeun tjongo pestol kana dada Japan. Atoeh djol2 kaharti bae, oepama Roeslan moal ngantep kana taladjakna Djepang ajeuna teh.

Geusan ngajakeun mimitran saajeuna bangoenna tjan katoong, da hajang njieun revolutie di Eropa tea. Ieu oge teu gampang, sabab Ra'jatna di Eropa leuwih ngalarti manan di Roeslan, katoeroeg-toeroeg loba kapitalisten leutik. Sanggeus hodjahna moebadir, teroes ngaganti lalakon ka beulah Wetan dina taoen 1925.

Lila-lila mah di dieu oge teu kabiroejoengan deui bae, nja toengtoengna malikan hantja noe heubeul. Moentjoelna Nationaal Socialisme di Djerman, ngaboentoetkeun propaganda Rusland di Eropa. Satadina mah Eropa rek disoendoetna teh ti Spanje, ngarah ger ba rontak, noe toengtoengna baris ngalentab sagemblengna. Tapi ieu pakarepan, ngan saoekoer dina pakarepan bae, sabab as Berlijn-Rome bisa noempes eta bahaja kalawan teu sakara kara. Sanggeus aja karapihan deui, eta as aja harepan bisa kaarah tanagana.

Kade kaliroe, koemaha wanda Marxisme noe gelarna tina pangdorong Bolsjewisme Roes (communisme noe rada anèh), noe masih baoe nationalisme. Geura bae tilik dina taladjakna, sakitoe mikaidjidna kana Kaboedajan (cultuur) Barat teh. Keur oerang Roes hidji pagawean noe katjida soetjina, lamoen bisa ngaroentagkeun eta kaboedajan noe diwangoen koe tanaga kapitalistisch djeung da jana imperialistisch, nepi ka antjoer leboer teh. Ageman politiek mantja nagara (buitenlandsche politiek) Roeslan kitoe kawasna moal laas2, sanadjan loba boekti2 noe teu njaloe joean.

Borodin, wawadina ka oerang Azia-Wetan, ngarasa soengkan rek njebarkeun kasoesastran ka Kominisan, da eta asa baliwet bae. Batoer djenoek di Koelon mah asa ngarasa aneh koe kaboedajan kabangsaan noe dajana siga mesin (motorische nationaal-cultureel) sakoemaha ageman bolsjewisme.

Roeslan tjlok ti loehoer.

Ajeuna oge ari rek neukteuk njieun anggeus mah djeung nagara noe teu sapagodos djeung Djerman teh moal, kawasna lamoen katendjo aja pihasileunana mah teu rek soengkan. Ajana mimitran djeung didjieunna perhoeboengan economie (mere ngindjeum doeit) djeung Djerman, ngarah gantjang ngajonanana Polen bae, malar engkena gantjang patelakna djeung Inggris-Parasman.

Tah dina geus pada leuseuhna, lamoen Ra'jat geus kekerehet koe teda, nepi ka meh kalepohan, dimana lapisan bangsa geus silih tjakar, di dieu Roeslan baris nembongkeun wewesenna. Moestari kieu noe diteangan koe Roeslan teh, sabab gantjang pisan ditoeroetna, boh koe noe mareunang djoeritna, soemawonna koe noe eleh mah.

Malah di nagara noe neutraal oge dina geus aja perang lila mah teu boeroeng aja silih herenganana antara lapisan bangsana.

Tjindekna timboel peperangan di Eropa antara nagara noe galede, hidji kaoentoengan geusan ngagampangkeun propaganda bolsjewisme.

Disaloejoeanana mimitran djeung Djerman, Roeslan saroea djeung ajekel ilat-ilatna timbangan doenja, djeung koe merena bahan2 djeung tedaeun teh bisa djadina perang toetoempoeran di Eropa. Koemahakoemaha oge Roeslan mah tjlok ti loehoer bae, da sanadjan teu miloe perang oge moal teu loebak-liboek koe bahan2 teda djeung harta, noe ngotjor ti nagara noe keur poepoeh tea.

Biantara Hitler di Rijksdag noe anjar kaliwat geus ngembarkeun jen socialisme mah lain barang kiriman ti nagara deungeun, tapi estoe toelen barang isoen, lamoen bolsjewisme, tah eta mah bener barang export. Tapi kadieunakeun mah djadi tjangtjaja oge sanggeusna aja toemalina djeung Roeslan.

Loba noe teu kaewoehan koe ajana taladjak Djerman kitoe, sabab Nationaal Socialisme pamoestoenganana mah nja kana communisme, malah tjenah lamoen oerang ngaregepkeun mah ajeuna oge 3 tihangna kapitalistische economische stelsel teh mimiti diroengkadroengkadkeun, nja eta *privaat eigendom particulier, initiatief* djeung *narik oentoeng sakamakama (vrije winst vorming).*

Ajeuna mah Roeslan tjan bisa mangaroehan naon2 ka Ra'jat Djerman, djeung maranehanana oge masih keneh linghas pisan. Keur kieu keneh mah mending ngadedempes bae heula ngadagoan tjampoehna perang „Kriegmudigkeit." Tah, lamoen geus kitoe, kari ngarampidkeun bae kabeh oge, boh nagara nationaal socialistisch, boh nagara noe demoratisch, malah nagara noe eneutraal oge bisa kabaoed.

—

Indonesia

Katjilakaan noe matak watir.

Matros kakeset kawat wadja.

Aneta mere bedja ti Sabang dina kapal „Tawali" noe dipake ngakoetan koeli2 Indonesier ti Paramaribo koerang leuwih 400 oerang, geus aja kadjadian noe watir pisan.

Matros Walanda ngaran Vlaskamp oemoer 24 taoen geus djadi korban.

Waktoe manehna naek tihang kapal noe loehoer beuheungna kakeset kawat wadja noe seukeut nepi ka meh sapat. Harita oge majitna ragrag kana dek nepi ka misanna.

Eta matros teh oerang Katwijk sarta geus boga pamadjikan djeung anak hidji, kadoea djeung noe masih keneh dikandoeng.

TJIREBON

Luchtbescherming

Ajeuna2 ieu di kota Tjirebon geus ditempatkeun deui 3 siki sirenes anoe bakal ditjoba (ditabeuh) dina minggoe ieu. Ieu anoe tiloe teh hidji-hidjina ditempatkeun di: kantor Gemeente, Rex-hotel djeung di Ijs fabriek Ek Seng Hen.

Koe djalan ieu sakalian oemoem dibedjaan soepaja henteu kaget dina waktoena aja sora pikasieuneun tea.

Ngadoe.

Hal aja hodjahna sawatara kaoem Tionghoa di Tjirebon pikeun ngabasmi ngadoe dina waktoena aja kapapatenan, ajeuna aja deui embohna, nja eta loba bangsa Tionghoa anoe ngarasa teu soegema koe sawatara leden, waktoe rek diajakeun combinatievergadering loba anoe teu datang kana eta rioengan, malah aja deui anoe nembongkeun kateupanoedjoeanana kana eta „pembasmian," nepi ka eta koempoelan teh teu djadi.

Parahoe noe leungit tea.

Parahoe„ Hati Manis" anoe balajar ti Tjirebon ka Soerabaja anoe mawa moeatan leuwih ti f 1000,—eun noe leungit deukeut Tegal tea, pohara ngahan deueulkeunana ka anoe bogana (S.T.P.), sabab ieu parahoe teh rek diasoeransikeun ka Indische Lloyd, nja eta 2 poë sanggeus na ieu parahoe indit ti Tjirebon. Sanggeus doea poë tea ieu parahoe ditaloengtik deui, nja leungit tea, samemeh didjieun contract assurantie. Lamoen assurantiena didjieun samemeh na leungit, moal karoegian teuing anoe bogana teh, malah teu moestahil batian.

Djrg. A. G. Soeriokoesoemo

Djrg. A. G. S. teh kapala sakola Taman Siswa Tjirebon djeung anoe mingpin soerat kabar boedak „Fikiran Anak." Sawatara poë ka toekang andjeunna diproces verbaal sabab dina eta koran boedak aja artikel anoe katimbang koe P. I. D. ngabahajakeun ka baroedak, nja eta artikel anoe ditoelis koe Abang, make djoedoel „Siapa jang salah". Koemaha djoetjoengna tjoeang dagoan bae.

Radja pati tea.

Koe Sip. koengsi dibedjakeun hal radja pati anoe kadjadian di desa leuweunggadjah (Tjiledoeg). Di dinja diterangkeun jen si korban teh maot di roemah sakit Gemeente (Tjirebon). Meunang katerangan maotna teh noeroetkeun telepon ti Geneesheer-Directeur eta roemah sakit ka doktor roemah sakit R. R. di Paboearan. Kitoe deui B.B. dibedjaan jen Ka Tjong maot.

Teu ngendek sabaraha lilana Djr. Wadana Tjiledoeg naroskeun ka Tjirebon tina perkara majitna, naha rek dikoeboer di Tjirebon atawa rek dibawa ka Tjiledoeg. Dina telepon keneh eta Geneesheer-Directeur nanjakeun „majit saha," sabab Ka Tjong mah teu atjan maot, ngan koengsi kapaehan, waktoe beuteungna dikapoet, malah tjenah aja harepan kana bisa hade deui. Kabehdieunakeun aja deui bedja anoe nerangkeun maotna Ka Tjong.

Begroting Regentschap Tjirebon.

Noeroetkeun rarantjang anoe katarima gedena begroting Regentschap Tjirebon pikeun taoen 1940 teh kieu:

Gewone dienst ...	f 320.430,00
Buitengewone dienst	f 23.330,00
Djadi djoemlah kaloearan	f 343.760,00
Panarimaan oge dirarantjangna sakitoe gedena (f 343.760,00).	
Taoen toekang: (1939).	
Gewone dienst ...	f 314.029,00
Buitengewone dienst	f 19.105,00
Djadi djoemlah ..	f 333.134,00
Djadi pikeun taoen hareup begroting ieu Reg.	f 10.626,00

gede batan taoen 1939.

Pasar Malem.

Pasar Malem di Tjirebon geus saminggoe leuwih lekasanana, aja gerentesna sawatara leden Comite, malah terang-terangan menta soepaja dibeberkeun dina koran, jen sawatara leden comite ngarasa handjakal koe pagawean lid comite bagian tongtonan sabab ieu lid manggilna tongtonan teh ngan woengkoel tongtonan anoe dipikaresep koe manehna sorangan, teu ngingetkeun kana karesep batoer: pamentana soepaja taoen hareup mah tina hal ieu didjieun perhatian.

SOERABAJA

Kaoem Middenstand masamoan.

Ngabadamikeun kaperloeanana.

Dina powe mangkoekna teh, tjeuk Aneta ti Soerabaja, di dieu geus diajakeun vergadering ti Federatie Middenstandsvereenigingen, kalawan ditoengkoelan koe sakabeh leden noe ngahidjikeun dirina kana eta beungkeutan.

Noeroetkeun kana ajana voorstel statuten djeung Huishoudelijke Reglement ti eta perkoempoelan teh dirobah malah oeroesan contributiena ditetepkeun.

Sanggeusna eta teroes milih bestuur anjar, noe wangoenana na djadi kieu: voorzitter toean W. van Baalen, Vice voorz. toean Hagenaar, secr. toean Dietvors djeung penningmeester toean Bottelberghs.

Lian ti eta oge harita geus dipoetoeskeun diadegkeun hidji instituut keur mariksa kaperloean kaoem pertengahan, kalawan aja dina pingpinanana toean Dietvors. Eta instituut bakal ngajakeun perhoeboengan djeung sakabeh perkoempoelan pertengahan noe aja di sakoeliahna Indonesia, sarta gawena ngoelik rapport tina perkara kaajaan kaoem pertengahan, noe koe kitoena sangkan bisa ngadegkeun Midden standraad.

Kapal dagang noe make pakarang

Datang balaboeh ka Soerabaja

Powe mangkoekna ka pala boean di dieu geus datang ba laboeh hidji kapal dagang Inggris noe dikoeatan koe parabot perang, tjeuk Aneta ti Soerabaja. Ngaranna eta kapal teh „Silverpalm" bogana nagara Inggris. Dina dek toekangna ditempatkeun 1 mariem leutik noe gantjang ngabekaskeunana, noe oekoeran pelorna 4 inch, demi di hareupeunana nja sa koemplitna parabot perang.

Sanggeusna eta kapal noe roenkeun sawatara ton goni, harita keneh teroes neroeskeun perdjalananana. Demi ka palaboean Tandjoeng Prioek mah nepi ka ajeuna teh masih keneh tetep tjan aja kapal noe balaboeh noe dikoeatan koe parabot perang saperti kitoe, ngan bae sanadjan entjan kitoe oge meh kabeh geus pada disadiakeun pikeun dipasangan, malah tempat radio djeung commando mah dihalangan koe toempoe kan keusik.

MATARAM

Congres N. S. B.

Sakoemaha noe geus diwawarkeun ti heula ti tg. 20 nepi ka tg. 23 boelan ieu Normaalschoolieren Bond (N.S.B.) geus ngajakeun kongresna di Djokja.

Malem Minggoe dimimitian koe receptie, tempatna di bijgebouw Hwa Kiauw, kalawan didatangan koe sakabeh koempoelan, babakoena noe aja di ieu kota. Njakitoe deui wawakil pers koemplit. Djoemlahna para tamoe k.l. 300. Samemehna diboeka pangheulana diajakeun ngabsen djeung matjaan soerat-soerat.

Satoetasna comite van ontvangst masrahkeun pingpinan pasamoan ka voorzitter H. B. djr. Soepardi, sarta toeloej andjeunna moeka pasamoan sakoemaha biasa bari toeloej kalawan pandjang spr. nerangkeun tangtoenganana N.S.B.

Sanggeusna toean Ispektoer Vorstenlanden njalametkeun kalawan asmana Dept. O & E toeloej pasamoan mintonkeun kamonesanana.

Wawaran P.G.I.

Patali djeung poepoesna Kangdjeng Soeltan Verbond bestuur P.G.I. djeung Komiteu Kongres geus ngajakeun robahan programma saeutik, nja eta kieu:

a. Sanadjan geus nampa pajdin pikeun excursie ka Karaton, tapi dibatalkeun bae, digantian koe pasiar ka pabrik soeroetoe Negresco djeung werkplaats N.I.S.

b. Gezellige avond noe rek disoembang koe gamelan djeung ibing sempalan wajang wong dibatalkeun. Diganti koe gempoengan patoeraj bari ngagoear lezing noe mangpaat soembangan ti wakil2 tjabang P.G.I. djeung Groepsbonden.

c. Dina dipetekna lajon Kng. Soeltan Kongres P.G.I. ngirimkeun kembang (krans), tanda hormat ka noe poepoes.

Nja kitoe ti kalangan P.G.I. aja noe miloe djadjap ka pasarean.

SOLO

Rijksbestuurder anjar

Mr. R.M.T. Tjondronegoro.

Kalawan opisil ti Bogor geus diwawarkeun, jen ngamimitian ti tanggal 31 October noe bakal datang dilirenkeun kalawan erpol tina djadina Rijksbestuurder Soerakarta, P. A. A. Djojonagoro, kalawan dinoehoenkeun kana djasa-djasana noe koe mantenna geus dipintonkeun ka nagara.

Kalawan make titel mr. Raden Mas Adipati Sosrodiningrat, ngamimitian ti tg. 31 October noe bakal datang dibenoem djadi Rijksbestuurder ti Soerakarta, mr. R. M. T. Tjondronegoro, ajeuna Regent Panoemping Bekel Djawi.

DJAKARTA

Koe lantaran hajang geura nepi ka lemah tjaina.

Panoempang kapal Djerman ngalolos.

Salahsahidji panoempang kapal api Djerman „Nordmark," noe barang petjah perang Europa, kapaksa koedoe njoempoet ka palaboean Tandjoeng Prioek sarta matoehna di dieu kapaksa djero waktoe noe masih keneh aja dina pertanjaan, ngarasa katjida pisan teu betahna matoeh keneh di Tandjoeng Prioek bae, hajang geura moelang ka nagarana.

Eta panoempang teh kalawan teu aja noe nganjahoankeun geus njoba-njoba neroeskeun perdjalananana noe sakitoe djaoehna, ngan bae barang katangen aja noe leungit ti kapal teroes riboet pada neangan sarta sawatara djam ti barang manehna ninggalkeun kapal geus kapanggih deui. Koe kitoena atoeh manehna teh teroes dipoelangkeun deui ka kapalna, sarta di dieu dibedjaan tina perkara bahaja noe ngantjam kana dirina.

ALOEN's FOTO
Beteekent: Altijd Fijner
ALOEN's STUDIO
Beteekent: Altijd Sneller
Pangeran Soemedangweg 47 — 49 BANDOENG.
Tel. 674
FOTO ALOEN
Mawatna: Matak tibelat
STUDIO ALOEN
Wisitna: Tiasa ngalokat salira
Potret ALOEN badis ngagadoehan geheime kracht noe langkoeng matih batan „TALI ROMA". Noe parantos sakali dipotret di Studio ALOEN, bamo kagembang koe FOTOGRAAF noe lianlian! Margi kwaliteitna bamo kaoedag koe batoer.

Henteu kinten . . . Raosna
SLA SOERAKARTA p.p. F 0.25
„Waroeng-Banjoemas"
PR. SOEMEDANGWEG 33 — TEL. 53 BD.
TEL 53

Pasar

PASAR BEAS DI BATAWI

Batawa 24 Sept 1939

Noteering beas tg. 23 Oct. 1939 tengah powe.

(Via Makelaarskantoor Wesseltak & Dijkhuis):

per 100 Kg

Krawang: franco wagon Ringbaan Batawi
Beas Huller Boeloe K B B lev Oct '39 ditawarkeun f 7 12 5
Beas Huller boeloe K B B lev Oct Dec equally ditawarkeun f 7 28 5
Tjiandjoer fr wagon Tjiandjoer:
Beas Mesin Ven Foeng [illegible] P A lev Oct ditawarkeun f 8,80
Beas mesin Ven Foeng [illegible] LE lev Oct ditawarkeun f 8,50
Beas mesin Oeij Kam Hoa O S H lev Oct ditawarkeun f 8 75
Beas mesin Oeij Kam Hoa O K H lev Oct ditawarkeun f 8 40
[illegible] fr wagon [illegible]:
Slijp Boeloe H lev Oct ditawarkeun f 7,69
Slijp Boeloe H G lev Oct ditawarkeun f 8 50
Indramajoe fob Cheribon parahoe Pasar [illegible]:
Beas Lolosan Tjere I T L Oct ditawarkeun f 6,56
Beas lolosan tjere I T L lev Oct Nov ditawarkeun f 6 72
Slawi: fr. Parahoe K M Tegal:
Beas Slijp boeloe OT lev Oct ditawarkeun f 7 53
Beas Slijp Eng Seng O [illegible] lev Oct ditawarkeun f 7,28 5
Beas Ketan Slijp lev Oct ditawarkeun f 8 01 5

HARGA BEAS TI SOEDAGAR LEUTIK DI BATAWI

per 100 Kg.

Ketan Java	f 9 –
Slijp Boeloe Krawang	f 7 6
Beas Machine Tjiandjoer SPA	f 9 [illegible]

PASAR BATAWI

Batawa 24 Oct 1939

[illegible] tengah powe

Goela pasir: per [illegible]

[illegible] 95 Koeda merk + [illegible] djeung Boeroeng Kaleng f 1,5 + [illegible] noe sedeng f 1 75 [illegible] ka f [illegible] per [illegible]

[illegible] per bak noe 14 4 4 Kg bruto f 1 77½ [illegible] k f 1 8 [illegible]

Bawang [illegible]: Australie f [illegible] Toa [illegible] f [illegible] Tongtjoe f 8.50, [illegible] f 8 per [illegible]

[illegible] tengku: Labeen No. [illegible] — No. 2 f 32,– Tripel No. 1 32 –, No. 126 [illegible] k neto

[illegible] per 100 Kg Bogor [illegible] f 9 .5

[illegible]. Ti harga f 6 75 nepi ka f 7,75 per 100 Kg

Copra: ti f 6 5 nepi ka f 6, 0 per 100 Kg

Katjang kadele: Panarockan fob Panarockan f 5 10 ngadjeual Djember fr wagon Djember f 5,– Pasoeroean fob [illegible] f 5,0 ½ ngadjoeal per 100 Kg.

Tapioca meel: kwaliteit Medium pikeun roepa2 merk ti f 6 20 nepi ka f 6 60, A A f 7,– per 100 Kg. ngadjoeal

Pedes hideung Lampoeng: ek Teloek djadi Maart: f 9 —, ajeuna Oct-lev f 8 20 meuli, f 8,30 ngadjoeal. Dec, Januari f 8,40 meuli, f 8,60 ngadjoeal Ek Batawi f 8.50 nom per 100 Kg

Lev Oct Nov London noteering 2 5 8 d. p lb. nom.

Pedes bodas Muntok Fob Pangkal Pinang Oct Nov f 19,50 meuli, f 19,75 ngadjoeal per 100 Kg.

London noteering 4 1/4 d. p lb ngadjoeal.

Koffie Robusta Lampoeng: 15 pCt ek Teloek Oct-Nov f 10.— meuli, f 10 20 ngadjoeal per 100 Kg.

Minjak sereh: A—contract kamar djad lev prompt f 1,05. Nov Dec f 1,02½ meuli, Jan-Dec djadi f 1,–, ajeuna Oct Dec f 1 02½ meuli, f 1 05 ngadjoeal Jan Dec f 1,— nom. per Kg

Karet: kamari djadi sheets 35 3/4 nok f 36,— ajeuna sheets 35 1/2, Crepe 36 1/4 cts. per ½ Kg meuli.

T A B I B N. B. JACOB

GROOTE POSTWEG OOST 221 - TEL. 1091 - tjaket G. [illegible] KATAPANG. TJIROEDAPATEUH BANDOENG.

Oelah waka poetoes harepan atanapi handeueul para djoeragan, margi toch masih keneh aja Tb. N. B. Jacob noe tiasa noeloengan para djoeragan sareng parantos kakontjarakeun kanggo di sakoeliahna kota Bandoeng.

Masihan terang.

Noe nawis di handap ieu Tb. N. B. Jacob asal moeasal ti Hindoestan ajeuna matoeh di adres kasebat di loehoer koe djalan ieu nerangkeun sanggem ngalandongan doegi ka saena roepi-roepi panjawat kalajan teu nganggo dibelek Operatie, saperto: kasawat:

Aambeien, Loempoeh, Bol, Asthma, Intjok, kasawat dina gigindjel, kentjing manis, batoek, Radjasinga, Tuberculose (t. b. c.), koreng, arateul di saloear salira, istri noe teu tjotjog oepami kotoran atanapi henteu pisan, kasawat kabampangan nanah, kasawat sotja, Lepra, Dysenterie sareng sanes kanten panjawat.

Tiasa kenging roepi-roepi landong kiat kanggo pameget tiasa ngalandongan sagala roepi panjawat doegi ka saena koe landong pribados noe kenging ngadamel tina akar-akaran, dangdaoenan sareng boeboeahan, parantos kenging teu kinten seueurna serat poedjian ti sagala, roepi bangsa sareng golongan. Langkoeng paos mangga geura boektikeun koe andjeun. Tiasa disaoer di lebet atanapi loear kota, sareng sanggem ngintoen landongna nganggo perantaraan rembours.

Oge sajagi Paradijs Oil kanggo pameget noe sering pelesir landong kanggo ngagalingkeun ramboet, kanggo ngahideungkeun sareng ngitjalkeunana.

Istri noe hojong kagoengan poetri tiasa dilandongan.

834 *Hoermatna noe ngadjeng-ngadjeng.*

Indonesia

SOLO

Motie P. V. P. N.

Eusina motie tea.

Sakoemaha noe geus ditetrangkeun ti heula dina gempoengan P. V. P. N. noe diajakeun dina powe Minggoe n. a. k. di kota Solo teh geus dipoetoeskeun doea roepa motie, menta duurtetoeslag djeung noendjang Gapi.

Eusina eta motie tea hidji ieu ditetelakeun kalawan satjewewelena:

„Gedelegeerden - vergadering vakcentrale P. V. P. N. jang di langsoengkan di Solo pada tanggal 22 Oktober 1939, dan d hadiri oleh wakil-wakil perserikatan sekerdja 1. V.I.P.I.W., 2. P. T. T. R., 3. P. P. S. T., 4. Midpost, 5. P. G. I., 6. Kadasterbond, 7. V. A. M. O. L. A., 8. P. I. S. B., 9. P. K. V. I., 10. L. I. B., 11. P. P. A. V. B., 12. P.P.P.B. dan 13 P.P.B.M.

memperhatikan akibat-akibat keadaan sekarang, teroetama jang berhoeboeng dengan kenaikan harga keboetoehan boeat hidoep jang sangat penting boeat pegawai negeri bangsa Indonesia,

mengetahoei, bahwa gadji pegawai negeri bangsa Indonesia sesoedah B. B. L.-1938 didjalankan dan semendjak maandlooners-en werkliedenreglement diadakan (M. R. dan W. R. 1934, M. D. R. 1939), oemoemnja orang jang bersangkoetan terpaksa berhemat dan walaupoen soedah berhemat poen, masih tidak mempoenjai kelelocasan djoega dalam waktoe penting, sebagai didalam waktoe sakit, dll.

mengetahoei poela, bahwa penghematan jang lebih landjoet boeat pegawai negeri terseboet dapat dianggap tiada moengkin lagi, berkejakinan bahwa berhoeboeng dengan oekoeran gadji jang rendah, sesoeatoe kenaikan harga, biarpoen kenaikan itoe hanja berhoeboeng dengan sebahagian keboetoehan boeat hidoep atau barang-barang jang sangat penting sadja, walaupoen kenaikan itoe hanja dari 5 sampai 25pCt, pegawai negeri oleh ini dapat menderita kesoekaran. Oleh karena itoe duurtetoeslag tak dapat tiada haroes diadakan.

memoetoeskan:

mengirimkan soeatoe permohonan kepada Pemerentah apakah Ia soedi memberi duurtetoeslag kepada pegawai negeri."

„Gedelegeerden - vergadering vakcentrale P. V. P. N. jang di langsoengkan di Solo pada tanggal 22 Oktober 1939, dan dihadiri oleh wakil-wakil perserikatan sekerdja 1. V. I. P. I. W, 2 P. T. T. R. 3. P. P. S. T. 4. Midpost, 5. P. G. I. 6. Kadasterbond, 7 V. A. M. O. L. A, 8. P. K. S. B. 9. P K V I, 10. L I B, 11. P P A V B, 12. P P P B dan 13. P P B M, mengetahoei toedjoean jang menhendaki soeatoe parlement, jang sempoerna dinegeri ini,

sebagai oemoem mengetahoei, bahwa pada tahoen 1920 dalam keterangan tentang azas-azas vakcentrale Indonesia pertama, jaitoe P P K P (Persatoean Perhimpoenan Kaum Boeroeh) dimoeat toedjoean sematjam itoe, memoetoeskan menerangkan, bahwa vakcentrale P V P N setoedjoe dengan toedjoean terseboet diatas."

PVPN djeung poepoesna Kg Sultan Djogdja.

Ngirimkeun telegram.

Patali djeung poepoesna Sri Sultan Djogja teh Gedelegeerden Vergadering P.V.P.N. geus ngirimkeun telegramna ka karaton Djogdja, perloe ngiring sedih, noe kieu oenina:

Gedelegeerden - vergadering vakcentrale P. V. P. N. pagi ini di Solo menghatoerkan kedoeka tjitaannja jang sangat dengan kemangkatan Seri Soeltan. (ANETA).

MADJALENGKA

Bangsat kareta mesin.

Ditinggalkeun salat Djoemaah.

Powe Djoemaah n.a.k. sakoemaha biasa di pakarangan masdjid Djame pabalatak kareta mesin bogana noe ngadon djoemaahaan.

Ditempatkeunana sakarepna noe boga bae, di toekangeun masdjid, lantaran teu aja tempat noe ngabakoe, althans teu (atjan) dipangnjieunkeun.

Harita satoeroenna ti masdjid djr. Soekanta kaleungitan kareta mesinna, noe kabeneran teu dikontji.

Ieu kadjadian teh geus katiloe kali ieu.

Noe hidji bisa kapanggih koe noe bogana deui, lain koe poelisi.

(Lebah dieu teu bisa diteumbleuhkeun koe teu ngabogaan tempat, tapi noe baroga kareta mesinna oge koedoe tjaringtjing. Da sanadjan aja tempatna oge ari teu dikontji mah, tangtoe bisa leungitna. Kadjaba lamoen diajakeun poelisi speciaal atawa diajakeun toekang djaga mah.

Ngan oepama diajakeun toekang djaga, sigana koedoe aja boeroehan djaga Red. Sip.)

Moetasi Djoeroetoelis.

Di wewengkon Regentschap Madjalengka loba golongan djoeroe toelis noe dibenoem kana M. P. djeung Hoofd schrijver.

Para Djrg. Djapar ti Leuwimoending dibenoem kana M. P., Basoeki ti kantor Djaksa dibenoem Hoofdschrijver di Kapetakan, Abdoel ti Kadipaten dibenoem Hoofd schrijver Andjatan, Kartasasmita ti Djatitoedjoeh dibenoem Hoofdschrijver Madja, R. Pija ti onderdistrict kota dibenoem Hoofdschrij ver di kantor district.

Kampongverbetering.

Lain di gemeente gede bae waktoe ieu noe mentingkeun ngahadean kampoeng katoet djalan - djalanna djeung atawa gang-gangna teh, tapi R.R. noe laleutik oge pada miloe ngaheulakeun hal ieu.

Djalan2 R.R., kampoeng2 djeung gang2na katembong robahna, baranang lampoena beresih katembongna.

Saperti R.R. Madjalengka, sanadjan teu atjan nepi ka kampoengna noe diomean tapi ari gang2na mah geus mimiti digarap (dihadean), ditjaangan.

Loba noe nganoehoenkeun ka djr. E. Opzichter, lantaran lamoen aja wawangoenan noe kataradjang teh tara „ajo, vooruit bongkar," tapi kalawan atoeran noe njoegemakeun.

Saperti dina garapan ajeuna aja tadjoeg djeung imah noe kataradjang. Tadjoegna bakal leuwih aloes djeung imahna bakal tambah roanganana, da sanadjan dibongkar, tapi diberes deui koe R.R.

Persediaan Lebaran

Pakean jang indah jang setimpal boeat dipake waktoe hari Lebaran, teleh disediaken setjoekoepnja dengan harga tida mahal, asal sadja Njonja² soeka lebih doeloe dateng saksiken dalem kita poenja p e r s e d i a a n.

Toko „BALILLA"

PASAR BAROEWEG 41 — TELF. 41 B A N D O E N G.

soedah sediaken roepa-roepa Tussor, poetihan Gabardine, Wol, Tropical, Palmbeach, Flanel dan jang laennja boeat Toean.

Boeat Njonja roepa-roepa Crepe de Chine, Chaurmeuse polos dan Kembang, Frause Chiffon, Matt Crepe, Sorodot Demang, Tjahja Remboelan. Djoega sedia roepa-roepa klamboe penganten, Fritatie dan gordynstof.

Digadil moending.

Powe Kemis n.a.k. di desa Soember ond. Djatitoedjoeh ngaran Taslim toekang padati geus digadil moending, nepi ka koedoe dirawat di roemah sakit Tjideres.

Harita teh Taslim keur ngoedaran moendingna tina padatina. Teu kanjahoan deui sanggeus oetjoel toeloej diadoe djeung moending sedjen bogana babah Boedeg. Taslim panganggoeran mantoean moendingna koe djalan njolokan mata moending babah Boedeg. Roepana bae si moending noe ditjolokan matana tea malik ngagadil ka Taslim. Tandoekna keuna kana dadana. Taslim diapoengkeun. Geus kitoe mah toeloej bae diadoe deui. Hadena harita aja mobilna toean Bank. Taslim toeloej dibawa ka roemah sakit koe eta mobil.

Vergadering R. R.

Noeroetkeun bedja noe geus katampa koe Sip. engke dina powe Salasa tg. 31 boelan ieu, mimiti poekoel 9 isoek - isoek R. R. Madjalengka baris masamoan oemoem.

Agenda noe baris disawalakeun aja welasna, berendelananana bakal njoesoel.

Mandor boschwezen.

Djadi hakim sorangan.

Dina waktoe ieu mandor boschwezen keur di djero perkara, lantaran aja noe ngarapotkeun.

Eta mandor teh geus ngadengdaan djelema noe boga moending, noe moendingna ngarandjah ka leuweung toetoepan.

Tjenah sing saha noe moendingna ngarandjah eta leuweung bisa didengda paling saeutik 50 sen djeung pangloehoerna doea perak.

Moetoehna pisan mas mandor teh sok djidjieunan. Nja eta oepama kosong pesakna sok nangkep moending noe teu boga dosa. Sanadjan teu ngarandjah leuweung oge da boetoeh koe doeit, didakwa ngarandjah bae.

Koe lantaran kitoe ajeuna koe noe ngarasa ditoengteuinganan geus dirapotkeun ka poelisi.

REMBANG

Fraude di R.R. Kantoor.

Dipariksana tas Lebaran.

Sanggeusna lebaran perkarana djoeragan M.S. directeur Regentschapswerken di Rembang baris diparíksa koe landraad. Loba personeel sahandapeunana noe ditarik kana ieu perkara ngagasab doeit R.R. Geus kanjahoan noe tjotjengna teh aja 8000 roepia.

DJAKARTA

Lahan keur adegan anjar.

Sakoerilingeun „Manggarai."

Moal sakoemaha lilana deui oge tjenah koe Gemeente bakal diboeka piadegeuneun lahan oge pernahna di sakoerilingeun pamandian „Manggarai," malah rarantjang didjalankeunana noe ajeuna geus dikaloearkeun koe Gemeente teh.

Di eta wewengkon noeroetkeun rarantjang bakal bisa diadegkeun 120 imah (perceel).

Juristencongres dipoendoerkeun.

Juristen congres noe kalima, noe tadina geus ditetepkeun bakal ngamimitian diajakeun dina powe Senen mangkoekna nepi ka powe Kemis isoek, patali djeung kaajaan noe sakieu harenghengna, ditetepkeun dipoendoerkeun deui nepi ka taoen hareup.

PRIJSBEWAKING

Rectificatie

Harga obat-obatan

Wawaranana Resident Priangan noe maksoedna menerkeun wawaran harga No. 1605-H.K.H noe geus disebarkeun ka para A.R. djeung Boepati djeung poelisi, bisa ditetelakeun kieu: Opiumkaloiden djeung sabangsana nja kitoe deui Chemische voedingspreparaten (statistieknos: 346 t.m 349) glycerine djeung levertraan teu kaasoep kana obat-obatan, tapi kaasoep kana groep D.

Phenacetine, coffeine, theobromine djeung santoine teu beunang diasoepkeun kana groep obat-obatan, tapi kana chemicalien noe hargana bisa ditaekkeun 25pCt.

Sagala roepa recepten ngan beunang ditaekkeun 5 pCt. hargana.

Moal djongdjon oepami teu atjan dietetkeun ka sakola Pasoendan poetra teh

KEKOLOTEUN atau VLEK



Djamoe Industrie NJONJA MENEER SEMARANG

Mangir en Bedak Djeboek Sari Tjap Portret NJONJA MENEER sanggoep bikin bersie dengan lekas. Bedak Sariawan boeat ilangken djerawat. Bedak Seriboe Kembang boeat ilangken kringet boentek. Bedak Dingin boeat bikin aloes en harоem koelit. Semoea bedak terbikin dari sarinja boenga jang harоem baoenja. harga per pak f. 0.05.

Istrie jang tjerdik selaloe tjari djamoe Tjap Portret NJONJA MENEER, roepa² djamoe Galian, Galian Delima Poeti, Galian Sepet Wangi, Galian Kemanten, Galian Singset, Tjempaka Poeti, Patmosari, Pepoeti (Pektay), Ploentoer, Tida tjotjok Kotoran, Dateng Kotoran Sakit, Pranakan Toeroen, d.l.l. penjakit.

Boeat gadis, Galian Prawan, Sarikoening, dan sedia roepa2 djamoe boeat lelaki dan anak2.

Hoofd Agent: Lie Kim Tin Gr. Postweg West 321 Bandoeng.

Sub Agent: Lie Giok Keng Moskeeweg 10A Bdng. Ngo Kim Tjio Gr. Postweg 805, Tjimahi Tjoe Tek Tjoeng Oedjoengbroeng.

Kain - Kotor slamanja tida tjotjok

Ikoetlah djalan jang aman, baroelah kasebatan Njonja dan Nona tida didalem bahaja!

Minoemlah slamanja:

Djamoe Loentoer

TJAP LAMPOE.

jang soeda terpoedji Kemoestadjabanja. Harga 1 pak f 0.10. Extra-sterk 1 flesch f 1,50.

Bisa dapat beli pada:

Djamoe - Industrie „TJAP LAMPOE"

IND. KRUIDENHANDEL MEVR. GOUW,

Bandoeng: Kosambi 233F - Tel. 1034.
Astana-anjar No. 85
Tjimahi: Drog. Carelly-Cantineweg 338D. Rahajoe & Co. Pasar Antri.
Garoet: Roemah-Obat Sehat, Chin. Voorstr. 45.
Soekaboemi: Toko Beng, Plaboeanstr.
Buitenzorg; Gasfabriekw. 6 A. - Tel. 385
Bat. C. Sawah-Besar 2N - Tel. 5563 WL.

Roeboehna balatantara Polonia.

Dina sala sahidji karangan njaritakeun hal roeboehna balatantara Polonia, soerat kabar „Times" ngebrehkeun pamanggihna ti Zaleszczyki, noe perenahna di wates antara Polonia djeung Roemenia, kieu:

Kakoesoetan organisatie saoemoemna.

Saminggoe ka toekang dibedjakeun, magar balatantara Polonia teh moendoerna kalawan diatoer, toer tinggal tetep santosa: ari ajeuna koedoe diwawarkeun deui jen saenjana mah henteu kitoe. Balatantara Polonia anoe ti heula diseboet tinggal angger weweg djeung santosa teh geus roeboeh boerakrakan, hidji hal anoe tetelana pisan koe babaringanana pihak Djermania njapoekeun sesa-sesana balatantara noe kongas leber wawanen nepi ka moesna ledis taja tapak-tapakna atjan barisan noe waktoe tadi teu koerang ti hidjsatengah malioen soldadoe teh.

Sanadjan balatantara Djermania atjan nepi ka ieu kota (Zaleszczyki) oge, ari koe bedjabedja mah geus tetela jen bedahna wawatesan nagara teh lain oeroesan bakal atawa moal, tapi tinggal oeroesan waktoe bae.

(Pandeuri njebar bedja jen Zaleszczyki teh dieusian koe barisan Sovjet-Rusland).

Noe saroepa kitoe teh oge geus kadjadian di wawatesan beulah kaler, saperti di wates Letlandia djeung Lithauen.

Amboeradoelna balatantara Polen anoe memang roeksak soemangatna teh, henteu bisa disalahkeun kana taja wawanenna para perdjoerit kaseboet lantaran noe saroepa kitoe teh sama sakali teu katembong di kalangan perdjoerit barisan hareup mah.

Perdjagaan kakoeatan Polonia teh henteu ditanggeuhkeun kana kakoeatan pakarang mesin-mesin, atoeh nja kitoe bae dina derna perang ngajonan moesoeh oge, nepi ka bengoen babarieun pisan diratakeunana djeung taneuh koe kakoeatan barisan tank-tank anoe naradjangna teh, noe saoedjradna ngeunaan paribasa „toenggoel diraoed tjatang diroempak." naon bae noe disorang teu ngadjanggari, roeboeh djeung rebah, patoelajah djeung pasolengkrah; atoeh oepama koerang keneh, koerang beresih tapak naradjangna, nja bedil-bedil mesin bagianana, noe meresihkeunana, meregpeg tina mesin-mesin ngapoeng anoe njirorot katjida handapna.

Bisana pihak Djermania ngadjalankeun aksi kitoe teh, lantaran samemena, teu koedoe rempan atawa seber koe barisan djomantara noe ditaradjangna, poegoen geus diheulakeun lapang-lapang pangapoenganana, goedang-goedang djeung mesin ngapoengna digempoer ti loehoer, nepi ka Polonia sama sakali teu boga kakoeatan awang-awang.

Leuwih ti kitoe teh, pihak Djermania geus ngabombardeer sagala roepa sasadiaan bekel perang moesoehna anoe ditaradjang, saperti bengsin djeung soemoer-soemoer minjak tanah nepi ka sama sakali henteu kaarah. Kalakoean Djermania kitoe teh anoe tetela mah oekoer djero tempo sapoeloeh powe kadieunakeun bae, noe ahirna pisan ngalantarankeun toehoereunana Polonia, di sakoeliah nagara taja bengsin saketjlak, lamoen lain bawana pihak Djermania mah. Di sakoeliah nagara pirang-pirang mobil, balatak ditinggalkeun kitoe bae koe noe bogana teh, tjoel loer teu ditolih sama sakali, lantaran taja bengsin keur mawana (ngadjalankeunana), loepoet euweuh sapisarateun. Beuki waloerat anoe keur perang, noe keur meudjeuhna diangseg ditaradjang moesoeh: opsir-opsir kapaksa koedoe njoenjoeroeng padati toekang tani.

Aja deui sedjen hal anoe ngalantarankeun roeboeh-rebah na balatantara Polonia teh, nja eta diantjoer - antjoerkeunana radio koe pihak Djermania, nepi ka sama sakali taja perhoeboengan pisan, sarta ieu teh kadjadianana teu sakoemaha lilana ti barang der perang.

Katerangan-katerangan anoe njoegemakeun pisan mah teu aja atawa tjan manggih, ngan tetendjoan saliwat, insinjoer2 Polonia teh koerang tjakep dina ngagoenakeun kapinteranana, siga noe rea teuing ngandelkeun koemaha engke, keukeuh pageuh dina kapertjajaan, jen kagagahan djeung wawanen para perdjoerit teh bakal tanggoeh tanggoh ngajonan paradjang moesoeh noe ngagoenakeun pakarang mesin djeung kakoeatan mesin ngapoeng katoet sagala roepa babagianana.

Kakaliroean anoe baloekarna nimboelkeun bahaja, karoegian djeung karoeksakan hebat noe koedoe ditanggel koe Polonia sorangan, ieu noe katempoehanana.

Aja deui kadjadian anoe aheng teh, noe oge baloekarna djadi karoegian tanggelan Polonia sorangan, nja eta missie militer Inggris djeung Parantjis teu meunang ngadeukeutan garisan pangperangan, iwal waktoe taroeng di Lwow (Lemberg).

Hal ieu teh njokona kasalahan di pamarentah loehoer noe teu beres pagaweanana djeung kagalideuran di medan perang, dina mangsa njanghareupan lawan.

Djero sapoeloeh powe katompernakeun, perdjoerit Polonia teuneu teu terang atawa teu bisa njapta (ngawangwang) di mana hoofdkwartier-na, atoeh pihak hoofdkwartier-na teu terang di mana garisan balatantarana, di mana derna perang: moetoehna pisan teh, jakeun nganjahokeun kitoe, koedoe ngadengekeun bedjabedja radio ti pihak Djerman.

Pagawean mata-mata

Pagawean kaseboet anoe pohara pesatna di Djermania teh, kapesatan djeung kapoendjoelan anoe diboektikeun koe roepa roepa kadjadian. Remen pisan ministerie loear-nagara sanggeus pindah tempat ka sala sahidji kwartier teroes dihantem dihoedjanan bom koe mesin-mesin ngapoeng Djermania, atawa diantjam koe radio, dibedjaan jen pihak Djermania geus terang di mana diperenahkeunana atawa dimana merenahna hoofdkwartier dj. r. r. d.

Pingpinanana diroeksak kentja-katoehoe koe mesin-mesin ngapoeng Djermania, nepi ka bisa diseboetkeun jen barisan Polonia teh sama sakali teu bisa njegah pagaweanana matamata, soemawonna nepi ka metoe ngantjoerkeun mah, pimanaeun.

Nepi ka saat noe panoengtoengan, perdjoerit Polonia teroes nembongkeun wawanenna taroeng ngajonan moesoeh. Awewe dikeprak, disina ngadjalankeun pagawean politie, baris parade mapaj djalan-djalan gede di djero kota, marake uniform hedjo roepana.

Roepana bae, lantaran samar polah, bisa djadi oge geus poetoes pangharepan, nja sakedah polah ngoempoelkeun noe masih keneh aja poeloenganeunana ti kalangan balatantara, teroes moendoer ka wewengkon noe rea rawana, di Priphet. Kaharti ari maksoedna mah, nja eta sangkan moesoeh noe ngadesek, lawan noe hajoeh naradjang bisa kapegat, teu mamproeng teuing. Tapi, naon hartina teu teroes diroeroeg lamoen maranehanana di tengah leuweung djeung rantja teu boga perhoeboengan naonnaon? Kapahoeng bae noe karoehan mah, loenta-loenta ka mana, djeung balad di sedjen tempat teu silih bedjaan, malah teu terang-terang atjan di mana lebah-lebahna.

HATI-HATILAH!
DINEGERI PANAS BANJAK
ORANG DIGANGGOE OLEH B.O.
(BODY ODOUR = BAOE KERINGAT)

Oedara jang panas membikin orang lebi gampang bisa dapat B.O. (Body-Odour = baoe keringat). Hal ini bisa dimongerti, sebab lantaran hawa panas, badan djadi banjak berkeringat dan karena itoe banjak kotoran dari dalam badan dialirkan keloear, melalui lobang² koelit. Kalau koelit tida dipelihara jang betoel, pastilah kotoran jang dikeloearkan oleh keringat, menjebabkan B.O. itoe. Djangan sia-siakan keregaran badan toean. Lindoengilah diri toean dari B.O. Biarpoen waktoe iklim panas jang paling keras toean tida bisa dapat B. O., kapan toean selaloe memakei saboen Lifebuoy Toilet jang memelihara badan toean.

Boesanja jang banjak itoe ada mengandoeng bahan-bahan jang membersihkan lobang-lobang koelit dari kotoran-kotoran keringat jang menoetoep lobang-lobang itoe. Djadi saboen Lifebuoy Toilet melindoengi toean dengan setjoekoepnja dari B.O.

Paling enak mandi sama saboen Lifebuoy Toilet, sebab saboen ini boekan sadja menjegarkan badan, tapi djoega membikin hati selaloe goembira.

SABOEN
LIFE BUOY
TOILET
MENDJAOEHKAN B.O.
DARI TOEAN

LBT 32-046 M

Indonesia

TJIAMIS

Koempoelan desa.

Sakoemaha biasa ka toekang-toekang, saban rek toetoep taoen di desa-desa sok ngabadamikeun keur begrooting taoen noe kahareupan.

Di desa Tjidjoelang powe Saptoe tanggal 21 October 1939, geus ngajakeun koempoelan noe diloeoehan koe djoeragan Wadana. Tapi lantaran noe datangna teu njoemponan, ngabadamikeun begrooting mah teu toeloes, dipoendoerkeun kana koempoelan boelan Sawal.

Sanggeus koempoelan diboeka, djoeragan Wadana biantara tina hal tatanen, babakoena melak pare di sawah. Koe andjeunna dibahas dietjesetjeskeun ka koempoelan, koemaha atoeranana milih pibiniheun, njieunna pabinihan, tebar (sebar), ngome lahan djeung ngagemoekna; ngatoerna tandoer soepaja hade djadina djeung rea njeuweuna sarta engkena gede beubeunanganana.

Ngagarapna daratan oge koe andjeunna diterangkeun, koemaha atoeranana miara tanah miring, ngagemoekna, soepaja bisa dipelakan oenggal taoen, oelah tjara ajeuna ngan bisa lima taoen sakali.

„Ieu teh noe geus didjalankeun di district Loeragoeng" saoerna, „lain njaritakeun bedja atawa theori."

Panoetoep andjeunna meredih ka bala rea soepaja eta loeang didjalankeun ajeuna-ajeuna, sabab tangtoe engke mah di oerang kakoerangan tanah tjara di tempat-tempat sedjen.

Tas eta andjeunna (djrg. Wadana), nerangkeun ngarekahanana djelema dina oenggal-oenggal taoen, ari tanah atawa sawah teu tambah-tambah (angger).

„Di noe geus heurin teuing," saoer andjeunna, „Pamarentah henteu tjitjingeun, njadiakeun tanah-tanah di Sabrang, noe lendo djeung lega, noe sok maratja soerat kabar mah tangtoe njaho tempat-tempat kolonisatie di Soematra, Borneo djeung Selebes, sarta njaraho sabaraha kolonisten noe diiangkeun ti Poelo Djawa."

Leuweung rarangan (boschreserve) oge, kasabit-sabit teu kaliwat ditjarioskeun goenana.

Toetoep djr. Wadana sasaoeran, Soepandi naros, reh dina koempoelan taoen toekang, noe ngagarap tanah desa (kebon tjarik), teu koedoe majar sewaan, tapi kadjadianana kabeh dipoengoet.

Djawab loerah, teu ditarik saoerang oge. Soepandi djeung Madsoerdi ngaboektikeun djalma-djalma noe ditarik sewaan, atoeh loerah teh ari geus kitoe mah rada ngiroeng.

Djoeragan Wadana moendoet opgavena noe maroeka tanah desa, baris dipariksa hidji-hidji djalma koe andjeunna.

Sanggeus ngalelangkeun randoe (kapoek), koempoelan boebaran poekoel 12.

Kakaren tjaah?

Koe amoek-amoekanana hoedjan noe anjar kaliwat di bawahan onderdistrict Bandjarsari djeung Padaherang, geus opat kali panen gagal2 bae. Lain ngan saeutik beubeunanganana bae, tapi rea noe sama sakali teu kapoengoet hasilna, lantaran parena lepak2 bae kasered tjai tjaah. Koe kitoena moal boa oerang dinja noe teu boga teundeun pare rada rea, kakoeranganana tedaeun teh.

Meunang katerangan ti noe beunang dipertjaja, di hidji lemboer bawahan onderdistrict Padaherang, aja djalma noe njeupan sampeu diambreskeun djeung tjangkangna, meureun ngarah rada rea.

Koe noe mere katerangan, koengsi dipapaj ka kapalana, tjenah biasana oerang dinja mah ana ngadalahar sampeu sok djeung tjangkangna (?.. Red).

Oepama enja kitoe, nja teu naon2. Tapi oepama kitoena teh lantaran koerang tedaeun, noe wadjib perloe maloeroeh, bisi kaboeroe parna pisan.

Noe poegoeh mah oekoer sawatara poerah ngadjalankeun mobil bae anoe bisa ka boer teh, ngedjat ka djaoehna, lolos ti tempat-tempat pangapoengan Djermania. (N. R. C.-ANTARA)

DJEMBER

Toekang gigi diproces-verbaal.

Lantaran kapanggih aja djaroem soentik.

Koe politie geus didjieun proces-verbaalna hidji Tionghoa ngaran L. T. T.

Di imahna waktoe digaradah aja djaroem paranti njoentik (cocaine).

Politie saemjana geus teu pati hamham deui sabab tiloe taoen ka toekang manehna geus koengsi ditangkep tina perkara kieu teh sarta didengda f 100.—

Postkantoor kaleungitan doeit f 1000.—

Noe lima ratoes roepia mah geus kapanggih deui.

Boelan toekang di kantor post noe kaseboet di loehoer geus gehger kaleungitan doeit reana f 1000.— Noe kapapantjenan ngoeroeskeun eta doeit harita oge ditahan koe politie.

Sanggeusna diajakeun papariksaan deui noe taliti, kanjahoan noe f 500— geus kapanggih di bijkantoor Soekowono.

Eta doeit noe sareboe teh di kantongan f 500, doeit perakan.

Ka onderneming2 djeung ka kantor2 noe sok aja patalina geus dipariksa.

Saajeuna mah noe lima ratoes roepia deui tjan kapanggih.

PANGANGGOERAN

Watek Entjep

Watek Entjep, geura: ari toempak mobil aloes mah...., noe batoer, karoeroeaan teh hajang katangar, mani teroes loeak-lieuk-na oge, mambrih kapanggih koe noe wawoeh, katendjoeun; geura ari leumpang mah, panon pinoeh koe kekeboel djalan noe kaanginkeun koe mobil laleueur noe meh ngaroempak Entjep, kapan teu tjengkat-tjengkat.

Dina sedjen hal oge nja kitoe; ana keur kabeneran madingkrang di restoran mah mani ret deui-ret deui bae ka djalan ngilikan noe ngaliwat; lain hajang awas ka noe ngalalar, tapi ngarah noe ngalalar awaseun ka Entjep, teu tjara keur nagog deukeut tanggoengan badjigoer, mani hepe-hepe bae da bisi kapanggih koe noe apaleun ka Entjep!

Nja kitoe deui dina laladjo atawa toetoempakan; ana kabeneran dina kelas loehoer, mani ngan sirik teu gogorowokan menta ditendjo; djempe ngahenen, ana ngaringkoek di kelas moerahna!

Make oge nja kitoe keneh bae; aja lengkah ginding, kitoe keupatna, kitoe dangahna, kitoe reretna enz.; lengkah roedin kitoe, keupatna kitoe, reretna oge boga potongan sorangan.

Enz. enz.

Tah, koe lantaran kitoe watek Entjep ...., ajeuna kieu:

Bilih bae teu kaaroeninga koe noe maos, ngawitan dinten ieu Entjep diatjoek weuteuh..

Entjep

Sawatara toko geus nangkoebkeun dadasarna.

Gara-gara aja perang tea bae.

Bedja ti Djember padagang-padagang geus ngarasa ripoeh koe ajana peperangan teh. Babakoena padagang-padagang noe laleutik. Ari noe djadi sababna mah tjenah ari meuli barang-barang koedoe mahal ngadjoealna teu bisa gantjang lakoena sabab djelema-djelema siga saroesaheun koe doeit.

Tjan sakoemaha lilana geus aja doea toko noe kapaksa koedoe nangkoebkeun tjetjempehna.

TJIANDJOER

Gara2 hajam diratjoen.

14 Oerang kapaksa koedoe dirawat di roemah sakit

Ti Sindangbarang Tjiandjoer aja 14 oerang noe koedoe dirawat di roemah sakit, sabab geus weureu laoek hajam. Ari noe didalaharna teh hajam gering. Kabehdieuna kanjahoan geringna eta hajam teh diratjoen koe nji M.; bongan tjenah sok njakaran pepelakan di kebon. Nepi ka ajeuna geus aja 12 oerang noe geus meunang deui kaloear ti roemah sakit Soekanagara teh. Nji M. kapaksa ditahan koe poelisi.

TJILATJAP

Noe maehan geus ditibanan hoekoeman.

Doeanana kabagian 20 taoen sewang.

Aneta mere bedja ti Tjalatjap, Landraad geus moetoeskeun doea perkara noe maehan tea.

Sakitan kahidji Siman djaga malem ti Boschwezen dihoekoem pandjara 20 taoen sabab geus ngalelepkeun hidji djelema sanggeusna dipaehan di desa Tritih.

Noe saoerang deui, Dipajoeda baretona djadi djoeroetoelis Goenoeng Simping saroea keneh geus ditibanan hoekoem pandjara lilana 20 taoen sabab geus ngaratjoen make fosfor nepi ka aja lima oerang anoe maot.

KENDAL

Sakola Taman Siswa kahoeroean.

Karoegian ditaksir aja f 1000.—

Nepi ka ajeuna oge tjan kapanggih naon noe djadi lantaranana kahoeroean di sakola Taman Siswa Bodja (Kendal).

Karoegian ditaksir aja f 1000.— eun, hadena djelema mah taja noe tjilaka.

Terkenal....!

SEDARI TAOEN

1917

Groote Postweg West 36 Bandoeng.

KOPEAH V. H. **M. INGIE** KETOE OEDENG

DOEG! DEG!

Oesoem riboet toko² sami naekkeun pangaos² barang.

Sanaos aja wawaran pangagoeng roepina seueur eig: Toko anoe kadjeun didenda atanapi kahoekoem tinimbang henteu naekkeun harga.

NAMOENG:

TAMAN BATIK

TOKO „HALIM"

WESTER PASSAR STRAAT No. 14-16

Sanaos dina wawaran, batikan mah diiwalkeun, atoeh sajagian noe sanesna oge. kantoen TETEP bae. sadaja pangaos². noemoetkeun pangitja'an ping 24/8-'39.

Thee Angin

TJAP DOEA LANGIT

GEDEPONFERD No.26703

Ini Thee ada seloepa thee jang [illegible] hingga [illegible] tetapi [illegible] pake di [illegible] golongan [illegible] mandjoer [illegible] baekin penjakit ini Thee Angin Tjap DOEA LANGIT ada bergoena 28 maijem penjakit seperti tersebut di bawah ini:

1 Badan masoep angin
2 „ panas
3 Kepala sakit atau mabok
4 Pilek atau moentah-moentah
5 Sebentar panas atau dingin
6 Toelang pada sakit
7 Toelang boekoe pegel
8 Hangken angin atau Siep
9 Moenlah betak
10 Badan lesoe
11 Mendjaga segala penjakit menoelar
12 Oeloe hati 'nek
13 Peroet kembong
14 Batoek lida brenti
15 Bikin bersih kotoran di oesoes
16 Dileher teak tida bisa toeroen
17 Napas sesek
18 Kantong nasi tida djalan baek
19 Anak ketjil seriawan oesoes
20 Batok soeara serak
21 Kepala poesing mata gelap
22 Peroet moeles
23 Seriawan moeloet
24 Roepa² penjakit prampoean
25 Prampoean tida datang kotoran
26 Kotoran tida tjotjok
27 Dateng kotor peroet sakit
28 Penjakit petaij (kotoran poetih)

Atoeran pake ada terlampir di dalem boengkoesan
Harga satoe pak 10 cent.

Hoofd Agent Tokio Obat DJIE THIAN HOO
GR. POSTWEG WEST (TJITEPOES) 214 – BANDOENG.

Beladjarlah satoe Vak.

Djadilah toekang potong pakaian jang djempol, dengen djalan masoek di

„SEKOLAH POTONG-PAKAIAN"

memakai

„SIMPLEX SYSTEME" dari Parijs.

METHODE TJEPAT

Peladjaran special oentoek satoe golongan hari Senen dan hari Rebo dari poekoel 8 sampe 9½ malem.
a) 2 les p. minggoe f 7.50 p. boelan. b) 1 les p. minggoe f 4 — p. boelan

Peladjaran oentoek satoe orang - satoe orang boeat privaat les diberiken har Selasa hari Kemis dan hari Djoemahat dari 8 sampe 10 malem.

Kepada moerid diberihken sesoedahnja berdami lebi doeloe.

Moerid baroe bisa troes masoek hari jang ada les. Roepa-roepa keterangan diberihken pada waktoe itoe les

Mintalah Programma pertjoemah!

Dir. C. MASLUK, jang berdiploma dan bermedaille mas dan perak

Oude Hospitaalweg 24 — Telefoon No 941 — Bandoeng.

Tjarilah batjaan jang menjenangken pikiran

Agar memenoehi permintaan-nja abonné-abonné. Maka dapetlah kami membikin COMBINATIE dari tijdschriften, soepaja abonne's dapet membatja roepa² tijdschriften dengan abonnement jang sanget ringan. Tijdschriften jang baroe dari Europa dan Indonesia, dikirim satoe minggoe 1 exemplaar atau 4 exemplaar satoe boelan.

COMBINATIE

A. 1e Piccolo. 2e De Lach. 3e Okido. 4e Het Rijk der Vrouw.
Abonnement per boelan f 0.60 per kwartaal f 1.75

B. 1e Patria Magazine. 2e Wereldnieuws. 3e Filmwereld. 4e De Lach.
Abonnement per boelan f 1.25 per kwartaal f 3.50.

C. 1e Oké. 2e Cinema & Theater. 3e De Film. 4e Okido.
Abonnement per boelan f 1.— per kwartaal f 2.75

D: 1e Poestaka Timoer. 2e Panorama. 3e Padoman Masjarakat. 4e Kaboedajan Oerang atau Flash Gordon (Mal Ed).
Abonnement per boelan f 0.60 per kwartaal f 1.75.

Setiap nummer bisa diminta teroes samboengannja. Abonnement boelanan haroes tambah 10 sen boeat porto. Wang langganan haroes dibajar lebih doeloe pada:

Engelsche & Amerikansche periodieken, boleh diminta.

Ditjari boeat Colpolteurs.

Boek & Tijdschriften Handel
BOEDI ICHTIAR
Balonggedeweg 31. - Bandoeng

MOBILISATIE.

di Europa pikeun madjoe djoerit — tapi di Noorderpasarstraat No 1. — MOBILISATIE BATIK PONOROGO.
BANTING HARGA PIKEUN njoemponan kaboetoeh cemoem. — Babaran noeroet zaman.

Harga mimiti 60 cent nepi ka f 15.—

PARIOS BOEKTINA

enggal soempingan, bilih seepeun ka:

KETOE - OEDENG MAKERIJ

E.M. MOECHTAR

NOORDER PASARSTRAAT 1–3 — BANDOENG.

Mutsen & Ketoe Oedeng- Winkel

„DE STIA"

PR: SOEMEDANGWEG 98 — BANDOENG

NGITJAL SARENG NAMPI KONGKONAN:

Kopeah & Ketoe-oedeng

Ongkos ngadamel Ketoe Oedeng: 1 oedeng dianten hidji f 0.75
1 oedeng dianten doea f 1.30
Nganggo wron tambih f 0.10

Padamelan wantoen diabenkeun.

Dokter Soekimin Digdodihardjo

Specialist kanggo **kasawat Sotja**

di Ooglijders-Gasthuis (Roemah sakit panon) Tjitjendo

WARTOS NJARIOS PARTICULIER:
DI GROOTE LENGKONGWEG 68 TEL. 2706 — BANDOENG
OENGGAL DINTEN DAMEL: TI TABOEH 5 — 6 SONTEN
di Garoet:
Oenggal dinten Rebo ti taboeh 8,30 endjing doegi ka 1 siang. Di gedong Provincial Ziekenhuis.

Dinten Minggoe sareng noe dimoeljakeun noemoetkeun perdjangdjian

---

Kabar penting

Menoeroet tarief jang soedah diberiken dari Provincie

Moelai dari tanggal 1 JANUARI 1939 perhoeboengan Autobusdienst „LAKSANA" Bandoeng Tjiwidej v. v. ditoeroenken harganja seperti dibawah ini:

Kl II. BANDOENG — TJIWIDEJ v. v.

Bandoeng					
7½	Tjilampeni				
10	5	Waroenglobak			
10	7½	5	Soreang		
15	12½	10	5	Tjoekanghaoer	
17½	15	12½	7½	5	Tjiwidej

Boeat Kl. I ditambah toeslag dengan 1 orang f 0.05
Anak-anak dari oemoer 10 taoen kebawah separo harga.
Dari itoe harap publiek mendjadi taoe adanja, dan soeka menoempang autobus terseboet.

Di Bandoeng tempatnja di **Station G. S. Kebondjati**

DJAM BRANGKAT,

dari BANDOENG:				dari TJIWIDEJ:			
7.30	9,55	11.20	1,10	2.15	3.50	7.15	9.50
10.10	12.00	1.45	3.45	4.30			

Hormatnja
Autobusdienst „Laksana."

N.B. Oepami para djoeragan Istri-Pameget bade ngagaraleuh YS LILIN oelah lali kana merk „Laksana".
noe tempatna di kota Tjitjadas sinareng di Soreang. YS LILIN noe pangraosna sinareng resik noe midamelna.

Emoetkeun

ajeuna teh waktos noe teu kinten pentingna. Di Europa seueur peperangan parantos ngcentab² sedeng di oerang parantos tjaket kana waktosna **Lebaran.**

Pangaos barang² koe kitoena tangtos kapangaroehan bakal naek.

Koe margi eta mangga ti ajeuna keneh ngalanggan ka

TOKO PRIATNA,

margi d dinja sajagi barang lelangan, anoe tangtos pangaosna langkoeng m rah manan toko sanes.

Barangna sajagi tjekap sapertos:
MAS-INTEN, MESIN KAPOET SINGER DJAM, ERLODJI roep roepi merk s s d.

Hoermatna
TOKO PRIATNA
Gang Soeniaradja 14 - Bandoeng

KUNT U TYPEN?
LEERT DAN MEE!

Cursus machineschrijven „DE MODERN"
10 - VINGERS - BLINDSYSTEEM

Aloon² **West No. 8** (naast Mr. Oesman Bandoeng)
Avondcursus van af 7 t/m 9 uur n m.
Lesgeld 3 × p. week f 2.— p m. Spoedcursus f 10.—
Gegarandeerd 100% geslaagd.

TOKO HERO

Pasar Baroe 25 — Bandoeng

AJEUNA PARANTOS TJAKET LEBARAN!

Di toko pribados sadia tjekap barang-barang. noe pangaosna matak ngabingahkeun ka noe ngagaleuh.

Diantawisna:

1. *Kamedja roepi-roepi noe pangmodelna.*
2. *Dasi-dasi noe warnana noemoetkeun pameredihna djaman.*
3. *Piama roepi-roepi kleur sadajana Modern.*
4. *Topi sajagi roepi-roepi model.*
5. *Kaos kaki anggoeun istri pameget sadia roepi-roepi kleur na.*

Djabi ti eta soegri noe baranggaleuh f 5-eun, kenging persenan 6 stuk gelas paranti ngaleueut.

---

f 100.000.- (Seratoes riboe).

Biarpoen mempoenjain harta begitoe besar, kalau kasehatan selaloe terganggoe tentoe merasa tida seneng (poeas)
Maka piaralah kasehatan badan sama Djedjamoe jang soedah terkenal sedari taon 1918, terdjoeal antero Java dan Sumatra, jaitoe TJAP AJAM dari Wonogiri-Solo.
Boekti jang sah dan njata teleh trima bebrapa soerat poedjian dari Bangsawan Kraton Solo, dan soerat keterangan dari Laboratorium voor scheikunde di Bogor.

Soerat poedjian dan soerat keterangan dari Laboratorium bisa dapet liat di kita poenja toko Tjibadakweg 74 C of Kosambi 245 B.

Hoofdagent Bandoeng:
Tjibadakweg 74 C. - Kosambi 245B.
Batavia - Kramat 50.
Semarang - Karangtoeri 150 C.
Magelang - Gr. Postweg Zuid 46
Soerabaia - Songojoedan 118.

Marios sotja teu kedah majar

Sotja teh sala sahidji bagian tina anggahota anoe teu kinten pentingna kanggo kahiroepan djalmi. Oepami sotja kirang awas, sami bae oerang hiroep di noe powek.

Oepami bade nganggo katja sotja oelah hamham, soemping bae ka toko pribados, tangtos diparios taliti pisan.

Soeniaradja optical
SOENIARADJAWEG No 17 — BANDOENG

TYPE-LESSEN

„COMS"

Methode **Schoevers.**
tien vinger blindsysteem

POENGKOERWEG 25A — BANDOENG